**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATINDAǴÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ**

**Filologiya fakulteti**

**Qaraqalpaq tili kafedrası**

**5111300 – Ana tili hám ádebiyatı (Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı) baǵdarı**

**4b-kurs talabası**

**Asanova Erkinaydıń**

# PITKERIW QÁNIGELIK JUMÍSÍ

**TEMA: Qaraqalpaq tilindegi dánekersiz qospa gápler hám olardı oqıtıw**

| | | |
|---|---|---|
| Talaba: | __________ | G.Asanova |
| Ilimiy basshı: | __________ | f.i.k.B.Yusupova |
| Kafedra baslıǵı: | __________ | f.i.k. E.Allanazarov |

Kafedranıń 2019-jıl 28-maydaǵı májilis qararı menen qorǵawǵa ruxsat berildı.(12-sanlı protokol)

**Nókis - 2019**

Asanova Erkinaydıń «Qaraqalpaq tilindegi dánekersiz qospa gápler hám olardı oqıtıw» temasındaǵı pitkeriw qánigelik jumısına mámleketlik attestaciya komissiyası qararı menen «___» ball qoyıldı

« ____ » _________ 2019-jıl

MAK xatkeri:

Joba:

Kirisiw

Qospa gáp haqqında túsinik. Dánekersiz qospa gápler

Qaraqalpaq til biliminde dánekersiz qospa gáplerdiń izertleniliwi

Pitkeriw qánigelik jumısınıń maqseti hám wazıypaları

I Bap Dánekersiz qospa gápler

1.1. .Dánekersiz qospa gáplerdiń jay gáplerin baylanıstırıwshı qurallar

1.2. Birgelkili quramlı dánekersiz qospa gáp

1.3. Birgelkisiz quramlı dánekersiz qospa gáp

II Bap Dánekersiz qospa gáplerdi oqıtıw

2.1. Qaraqalpaq tiliniń sintaksisinde dánekersizi qospa gáplerdi oqıtıw hám onda jańa metodlardan paydalanıw

2.2.Dánekersiz qospa gáptiń túrlerin oqıtıw

Juwmaq

Paydalanılǵan ádebiyatlar

## Kirisiw

Gáp – adamlar ortasında qarım-qatnas jasawdıń eń áhmiyetli quralı. Gápti óziniń izertlew obekti sıpatında qaraytuǵın sintaksis basqa da tillerdegi sıyaqlı qaraqalpaq til biliminiń eń úlken hám quramalı tarawlarınıń biri bolıp esaplanadı. Qaraqalpaq tili sintaksisiniń eń tiykarǵı birlikleriniń biri – qospa gáp. Gápti, onıń ózine tán sıpatlı belgilerin, sintaksislik birliklerdiń basqa da túrlerinen ajıralıp turatuǵın ózgesheliklerin, túrlerin, sintaksiste tutqan ornın hám t.b. aktual máselelerdiń qatarına kiredi.

Gápler qurılısı jaǵınan qospa gápler hám jay gápler bolıp úlken eki toparǵa bólinedi.

**Qospa gáp haqqında túsinik. Dánekersiz qospa gápler**.Qospa gáp sintaksisi qaraqalpaq tiliniń grammatikasında úlken, quramalı taraw sıpatında belgili. Sońǵı dáwirlerde til biliminiń rawajlanıwı menen qospa gáplerdiń túrlerin ajıratıwda tómendegidey ózgeshelikler payda boldı. A.Dawletov, M.Dawletov, M.Qudaybergenovtıń «Házirgi qaraqalpaq ádebiy tili Sintaksis» (Nókis, «Bilim», 2009.) miynetinde qospa gápler tómendegishe klassifikaciyalanadı.

1. Dizbekli qospa gáp; 2. Baǵınıńqılı qospa gáp;3. Dánekersiz qospa gáp.

Kem degende eki yamasa onnan da kóp gáplerden dúzilip kelip, dánekersiz qospa gáplerdiń bayanlawıshlarınıń hár biri óz aldına baslawıshına iye bolıp keledi. Geypara jaǵdaylarda ekinshi gáptegi almasıq bayanlawısh stillik jaqtan túsirilip te aytıladı. Bunday jaǵdayda dánekersiz qospa gáp sırtqı kórinisi

jaǵınan keńeytilgen jay gáplerge uqsas bolıp keledi.  Jay gápler birgelkili feyil bayanlawıshlarǵa iye bolıp kelgende olardıń bárine  teńdey ortaq bolǵan bir baslawıshtıń is-háreketin bildiredi.

Birgelkili feyil bayanlawıshlı  jay gápke salıstırǵanda dánekersiz qospa gáptiń  jay gápleri  gáplik intonaciyaǵa iye bolıp keledi.  Olar pútin bir kommunikativlikti bildirip, qospa gáptiń quramında kelip  tıyanaqlı pikir bildiriwge qatnasadı.  Birgelkili aǵzalı kelgen jay gápte birgelkili aǵzalardıń arasın sanaw (dizbeklewshi) intonaciya baylanıstıradı.

Mánilik ózgeshelikleri, sonıń menen birge, bir waqıtta bolǵan izbe-izlikti, birgelkilikti bildirip keliwi jaǵınan birgelkili aǵzalı gáplerdiń birgelkili bayanlawıshları dánekersiz qospa gáptiń bayanlawıshlarınan ajıralıp turadı.

Dánekersiz qospa gáp komponentleri quramında kelgen bayanlawısh aǵzalar xızmetinde kelgen feyil sózler bet, máhál hám modallik  mánini bildirip keledi.  Bul belgiler olardıń gáplik belgileri sıpatında xızmet atqaradı.  Al, birgelkili feyil bayanlawıshlı  jay gáplerdiń bayanlawısh formaları  birgelkili bolıp kelip, olardıń bári bir sorawǵa juwap berip keledi, bir bet, bir máhálde aytıladı.

Qaraqalpaq tilindegi dánekersiz qospa gápler menen bayanlawıshları feyil sóz shaqabınan bolǵan  birgelkili aǵzalı jay gápler bir-birinen joqarıda kórsetilgen belgileri menen parıq qıladı.

Dánekersiz qospa gápler tek ǵana intonaciya arqalı baylanısatuǵın gápler bolıp esaplanadı. Dánekersiz qospa gáptiń jay gáplerin baylanıstırıwshı qurallar tómendegi túrlerge bólinedi:

1. leksikalıq 2. morfologiyalıq 3. intonaciyalıq qurallar.

Dánekersiz qospa gáplerdiń túrleri:

1. Birgelkili quramlı dánekersiz qospa gáp.

2. Birgelkisiz quramlı dánekersiz qospa gáp.

**Qaraqalpaq til biliminde dánekersiz qospa gáplerdiń izertleniwi.** Qaraqalpaq til biliminde sintaksis tarawı boyınsha islengen bir qansha jumıslar bar. Olardıń arasında dizbekli qospa gáplerge qatnaslı máseleler de izertlengen. N.A.Baskakov qaraqalpaq til biliminiń ilimiy jaqtan izertlene baslanıwında óziniń ayrıqsha ornı menen belgili bolsa, onıń sintaksis tarawı boyınsha da islegen miynetleri bar. Ol óz izertlewlerinde[1] sintaksis, ondaǵı tiykarǵı birliklerden esaplanǵan qospa gápler boyınsha da pikirler bildirgen.

M. Dáwletov qaraqalpaq tiliniń sintaksisi boyınsha salmaqlı ilim-izertlew jumısların alıp barǵan ilimpazlardan bolıp, onıń dizbekli qospa gápler boyınsha bir qansha maqalaları bolıp, olar dizbekli qospa gáplerdiń struktura-semantikalıq túrlerine, olardıń komponentlerin baylanıstırıwshı grammatikalıq quralларǵa arnalǵan. Sonıń menen birge bul avtordıń qaraqalpaq tilindegi dizbekli qospa gáplerdiń túrlerine teoriyalıq jaqtan sıpatlama berilgen monografiyalıq izertlewi baspadan shıqtı. Bul jumıslarda házirgi dánekersiz qospa gáp dizbekli qospa gápler

---

[1] Баскаков Н.А. Словосочетания в каракалпакском языке. Простые предложения в каракалпакском языке. Сложные предложения в каракалпакском языке. – Исследования по сравнительной грамматике тюркских языков. М., 1961. Каракалпакский язык.III том. Нукус, 1195.

menen bagınıńqılı qospa gápler ishinde berilgen. [2] A.Najimovtıń miynetinde qospa gáplerge baylanıslı teoriyalıq hám ámeliy máseleler sóz etilgen (dánekersiz qospa gáp dizbekli qospa gápler menen bagınıńqılı qospa gápler ishinde berilgen).[3] Házirgi qaraqalpaq tiliniń sintaksisi boyınsha islengen ilimiy miynetlerde bul qospa gápler dizbekli qospa gápler menen bagınıńqılı qospa gápler ishinde keń túrde úyrenilgen. [4]

Dánekersiz qospa gápler aldına A.Dáwletov, M.Dáwletov, M.Qudaybergenov tárepinen jazılǵan sabaqlıqta bólip alıp úyrenildi.[5]

**Pitkeriw qánigelik jumısınıń maqseti hám wazıypaları.** Házirgi qaraqalpaq tili óziniń barlıq tarawları boyınsha rawajlanıp atırǵan bolsa, bul ózgeris hám rawajlanıw sintaksis tarawında da kózge túsedi. Olardı ilimiy kóz-qarastan úyreniw menen birge oqıw orınlarında sapalı oqıtıw da úlken áhmiyetke iye. Usı kóz-qarastan biziń pitkeriw qánigelik jumısımızda qaraqalpaq tilindegi dánekersiz qospa gápler hám olardı oqıtıw tiykarǵı maqset etip alınıp, bul maqsetti orınlaw ushın dánekersiz qospa gáplerdiń túrlerin, olardıń komponentlerin baylanıstırıwshı grammatikalıq qurallardı jáne olardı oqıtıw máselelerin úyreniw wazıypa etip belgilendi.

---

[2] Д17летов М. Д1некерсиз дизбекли 3оспа г1п компонентлерин байланыстырыв7шы грамматикалы3 3ураллар. - %з ИА №ара3алпа3стан б5лимини4 «Хабаршысы»,qoo0, N е, qwy-qwo-бетлер~

[3] Нажимов А.Ҳәзирги қарақалпақ тили синтаксиси. Нөкис,1990.

[4] H ázirgi qaraqalpaq ádebiy tiliniń grammatikası. Nókis, 1992.; H ázirgi qaraqalpaq tili. Sintaksis. Nókis, 1986.; H ázirgi qaraqalpaq tili. Sintaksis. Nókis, 1996.

[5] Даўлетов А., Даўлетов М.,Қудайбергенов М. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тили Синтаксис. Нөкис, «Билим», 2009.

## I Bap Dánekersiz qospa gápler

Dánekersiz qospa gápler degen atama menen qospa gáptiń bul túri sońǵı jılları sintaksis iliminde úyrenilip kiyatır.Ótken ásirdiń 50-jıllarınan baslap rus til biliminde N.S.Pospelov, tatar til biliminde V.N.Xangeldin, ózbek til biliminde Sh.Raxmatullaev hám t.b. ilimpazlar qospa gáplerdiń bir túri sıpatında dánekersiz qospa gáplerdi ajıratıp kórsetedi.

«Dánekersiz qospa gápler dizbekli hám baǵınıńqılı qospa gáplerden quramındaǵı jay gápleriniń dánekersiz hám dánekerlik xızmettegi sózlerdiń qatnasısız, mánilik intonaciya arqalı baylanısıwı menen ayrılıp turadı. Solnday-aq, olardıń jay gápleri intonaciyadan basqa leksikalıq hám morfologiyalıq quralllar (korrelyat sózler) arqalı da baylanısadı».[6]

### 1.1.Dánekersiz qospa gáplerdiń jay gáplerin baylanıstırıwshı quralllar

Dánekersiz qospa gáplerdiń baylanısıwı bir qansha ózgesheliklerge iye boladı. Qaraqalpaq tilindegi dánekersiz qospa gáptiń quramına kirgen jay gáplerdi korrelyat xızmettegi sózler de baylanıstırıp keledi. Semantikası jaǵınan olar leksikalıq hám morfologiyalıq korrelyatlar bolıp keledi.

1. leksikalıq korrelyat degenniń mánisi sonnan ibarat, dáslepki jay gápte qollanılǵan sózdiń sońǵı jay gápte ózi yamasa soǵan qatnaslı sóz qollanıladı. Olar birdey yamasa hár túrli formada keledi. Dánekersiz qospa gáptiń komponentleri leksikalıq korrelyatlar arqalı bir pútin predikativlik birlikke birlesedi. Bunda dáslepki komponentte korrelyatlıq sóz qollanılıp, ekinshi komponentte soǵan qatnaslı basqa bir sóz yamasa sol sózdiń ózi qaytalanıp kele beredi. Olar birdey yamasa uqsas formada kele beredi. Sintaksis tarawı boyınsha alıp barılǵan ilim-izertlew jumıslarında bunday korrelyat sózler qospa gáp quramındaǵı barlıq gápler ushın ortaq aǵza xızmetin atqarıp keledi.

---

[6] Даўлетов А., Даўлетов М.,Қудайбергенов М. Көрсетилген мийнети, 244-бет.

Ayırım jaǵdaylarda korrelyatqa qatnaslı sózler ekinshi komponentte qollanılmay keliwi de múmkin. Bunda sol korrelyattıń ornın ol almasıǵı almastırıp keledi.

Sonıń menen birge, leksikalıq korrelyatlar qospa gáptiń tek ǵana dáslepki komponentinde kelip, pútin qospa gáp ushın ortaq bolıp keliwi de múmkin.

1. Leksikalıq korrelyatlar hár bir gápte qaytalanıp ta keledi.

1. atlıq, substantivlesken almasıq+almasıq, atlıq túrinde keledi. Mısalı:Mektep janınan stadion salınıp, ol oqıwshılarǵa paydalanıwǵa tapsırıldı.

2.leksikalıq korrelyat dáslepki gápte kelip, pútin qospa gápke ortaq bolıp keledi. Mısalı: Anası jaqsı tárbiyalap, onıń nátiyjesi perzentlerinde unamlı kórinis berdi.

3.leksikalıq korrellyat hám leksikalıq korrelyat túrinde keledi. Mısalı: Kúni menen óz malın **ózi** baǵadı, qoraların tólelerin **ózi** tazalaydı.

2.Morfologiyalıq korrelyat. Dánekersiz qospa gáptiń quramındaǵı jay gáplerdi morfologiyalıq korrelyatlar baylanıstırıp keledi. Bunda morfologiyalıq korrelyat xızmetin atqarıp kelgen sózler qospa gáp komponentleri bayanlawıshlarınıń bir bet, bir máhálde keliwi menen, yaǵnıy formalıq jaqtan birgelki bolıp keliwi menen ózgeshelenip turadı. Sonıń menen birge, geypara jaǵdaylarda korrelyat xızmetinde kelgen sózler birgelkili formada kele bermewi de múmkin.

Qaraqalpaq tilindegi dánekersiz qospa gáplerdiń quramında barlıq waqıtta korrelyat sózler qollanılıp kele bermeydi. Korrelyatsız kelip te dánekersiz qospa

gáptiń jay gápleri baylanısadı. Bunday jaǵdayda olardıń jay gápleri arasındaǵı mánilik qatnaslar tiykarǵı orında iyeleydi. Bunda qospa gáptiń komponentleri, maqset, qarsılaslıq, sebep-nátiyje, shárt hám t.b. mánilik qatnaslar menen ózgeshelenip keledi.

Feyil bayanlawısh bir bet, bir máhálde keledi. Mısalı: Shaqalar qıymıldamaydı, japıraqlap sıldırlamaydı.

3.Intonaciya arqalı baylanısadı. Qaraqalpaq tilindegi dánekersiz qospa gápler dizbekli qospa gáplerdiń bir túri bolıp, olardıń jay gáplerin, tiykarınan, dizbeklewshi intonaciya baylanıstırıp keledi. Bunda intonaciya tek formalıq jaqtan ǵana dizbekli qospa gáptiń komponentlerin baylanıstırıw ushın xızmet etip keledi. Olardıń mánilik qatnasları, tiykarınan, jay gáplerdiń arasındaǵı leksika-semantikalıq mazmun arqalı bildiriledi.

Dánekersiz qospa gáptiń jay gápleri intonaciyaǵa qatnassız predikativlik konstrukciyalardıń leksika-semantikalıq mazmunı arqalı baylanısıp keledi. Mısalı:

Tillesiwdiń dárkarlıǵı joq, ózim tillestim. (Sh.S.) Jańaǵı máseleni nashar menen Asqarbay sóylesip atır eken, sol aytar. (Sh.S.)

Bunda dánekersiz qospa gáptiń komponentleri intonaciya járdemi menen baylanısqan, olarda leksika-semantikalıq mazmun tiykarǵı orında turadı. Mısalı: Qay mákamadan ekenimdi sen sorama, men, bári bir, aytpayman…(Sh.S.)

– Aytpay-aq qoyıń-aw, xojayın, bilip turman qayaqtan ekenińizdi…(Sh.S.)

Bul gáplerde hár qıylı leksika-semantikalıq qatnaslar bolıp, usı qatnaslar olardıń bir-biri menen baylanısıp keliwinde tiykarǵı xızmetti atqarıp keledi.

Dánekersiz qospa gáplerdiń jay gápleriniń arası tamamlanbaǵan intonaciya arqalı baylanısıp keledi. Bunday gáplerde gáplik yaǵnıy tamamlanǵan intonaciya eń sońǵı gápten keyin aytıladı hám qospa gáptiń quramında kelgen jay gáplerdiń bárin biriktirip bir pútin predikativlik birlikke jámlestirip keledi.

Intonaciyanıń tómendegi túrlerin kórsetiwge boladı.

a) dizbeklewshi intonaciya teń, birgelki baylanıstı támiyinleydi. Kún ısıdı, japıraqlar bórte basladı.Aspandı qara bult basıp, qattı samal esip tur.

b) sebep, túsindirmeli t.b. intonaciya arqalı mánileri óz-ara teń bolmaǵan túsindiriwshi, anıqlawshı sıpattaǵı birgelkisiz dánekersiz qospa gápti dúziwge qatnasadı. Mısalı: Hár úydiń qasınan úrgen iyttiń sesti shıǵadı, onı da samaldıń ızıńı esittirmeydi.

**1.2. Birgelkili quramlı dánekersiz qospa gáp**

Qaraqalpaq tilindegi dánekersiz qospa gápler bir qansha mánilik ózgeshelikler menen sıpatlanıp keledi. Olardıń struktura-semantikalıq bóliniwleri qospa gáptiń predikativlik konstrukciyaları arasındaǵı mánilik qatnaslarǵa tiykarlanadı. Qospa gáptiń quramına kirgen jay gáplerdiń mánilik qatnasları bir-birine baylanıslı bolǵan óz-ara is-háreket, waqıyalar arasındaǵı mánilik jaqınlıq tiykarında ámelge asadı. Sebebi, tilde qálegen jay gápten qospa gáp dúze beriw barlıq jaǵdayda múmkin bola bermeydi. Sonıń ushın da, dánekersiz qospa gáplerdi mánilik jaqtan biriktirip keletuǵın mánilik qatnas úlken áhmiyetke iye.

Dánekersiz qospa gápler tómendegi túrlerge bólinedi:

1. Birgelkili quramlı dánekersiz qospa gáp.
2. Birgelkisiz quramlı dánekersiz qospa gáp

Birgelkili quramlı dánekersiz qospa gápler tómendegi túrlerge bólinedi:

*1.Mezgilleslik qatnastaǵı dánekersiz qospa gáp.*

*2. Qarsılaslıq qatnastaǵı dánekersiz qospa gáp.*

*3. Salıstırmalı qatnastaǵı dánekersiz qospa gáp.*

Birgelkisiz quramlı dánekersiz qospa gápler tómendegi túrlerge bólinedi:

*1. Sebep-nátiyje qatnaslı dánekersiz qospa gáp.*

*2. Nátiyje qatnaslı dánekersiz qospa gáp.*

*3. Túsindirmeli qatnaslı dánekersiz qospa gáp.*

*4. Shártlik qatnaslı dánekersiz qospa gáp.*

**1.Mezgilleslik qatnastaǵı dánekersiz qospa gápte** is-háreket, waqıyaları bir waqıtlı hám izbe-izli mezgilleslikti bildirip keledi. Mısalı: Gúljan Uljannıń úyine kelip tıǵılıp edi, izinshe qorqıp Jalǵas ta kirdi. (Sh.S.)

Bul qospa gáptiń jay gáplerindegi is-háreket mezgil jaǵınan júdá jaqın ekenin kóriwge boladı. Bunda qospa gáptiń birewindegi is-háreket penen ekinshisindegi is-háreket birinen soń ekinshisi izbe-izlik penen iske asqan. Biziń bul pikirimizdi qospa gáptiń birinshi jay gápi tamamlanǵanan keyin qollanılǵan izinshe sózi de dáliyllep beredi.

Birgelkili quramlı dánekersiz qospa gáplerdiń bir túri esaplanǵan mezgilleslik qatnastaǵı dánekersiz qospa gáp birewinde bolmasa birewinde mezgilleslik jaqtan awısıp keletuǵın qospa gápler bolıp keledi. Olar is-háreket yamasa waqıyalarınıń orınlanıwına qaray bir waqıtlı hám izbe-izli mezgilleslikti bildirip keledi.

1.bir waqıtlı mezgilleslik: Dánekersiz mezgilles dizbekli qospa gáptiń jay gápleri bir waqıtta yamasa waqıtlıq jaǵınan óz-ara jaqın bolǵan is-háreket, waqıyalardı bildirip keledi. Mısalı: Jaw kelse de, júrisin buzbaytuǵın, aq qatın atanǵan Aytgúl qızǵısh kóylegin jasıl alapqa jarastırıp ornınan turıp edi, Jamal sottıń gózzallıqtı, miyrim-shápáhátti onsha abaylay bermeytuǵın kewline, talǵamına jasıl atlastıń ústine bir gúl, qızıl gúl ırǵalıp, teńselip shıqqanday tuyıldı. (Sh.S.) Bul gápte qospa gáptiń birinshi jay gápindegi orınlanıp atırǵan is-háreket penen ekinshisinde ámelge asıp atırǵan is-háreket waqıtlıq jaqtan júdá jaqın bolıp, ol bir waqıtta olardıń ámelge asqanlıǵın, yamasa birewiniń ámelge asıwı menen birge ekinshisiniń de ámelge asqanın bildirip keledi.

Durısında da, mezban jol bolsın soramadı, miyman da ózliginen aytpadı. (Sh.S.) Berilgen mısalda da mezgilleslik qatnastaǵı dánekersiz qospa gáptiń dáslepkisi menen keyingisi mezgillik jaqtan alıp qaraǵanda bir-birine júdá jaqın kelgenlikten, biz bul gápti de dánekersiz mezgilles qospa gáptiń quramında tallap kórsetiwdi maqul dep esapladıq.

Bunday gápler tómendegishe ózgesheliklerge iye bolıp keledi:

a) anıqlıq meyil, ótken házirgi máhál formaları arqalı baylanısadı: Erte kelgen gúzdi quwalap, waqtınan burın qıs baslandı, jer betine dizden qar jawdı.

b) hal feyildiń -ıp/-ıp,-p formaları hám házirgi máháldegi feyil arqalı baylanısadı. Mısalı: Otırǵanlardıń kimi otın jaǵıp, kimi otın kirgizip júr.

d) shárt meyildiń -sa/-se formaları hám anıqlıq meyil házirgi máháldegi feyil sózler arqalı baylanısadı. Mısalı: Taw ańǵarlarınan qádimgidey kúshli samal esip, páskeltek stanciyanıń átirapındaǵı jardı qırıp aǵıp atırǵan dáryanıń ústi qaynawıtlanıp tur.

2.izbe-izli mezgilleslik. Dánekersiz mezgilles qospa gáptiń quramındaǵı jay gápler waqıtlıq jaqtan bir-birine beyimlenip keliw menen birge biriniń izinen biri islengen izbe-izlikti bildirip keledi. Bunday qospa gápler izbe-izli mezgilles dizbekli qospa gápti dúzip keledi. Mısalı: Tań azannan qapı tıqırlatıw, ayna qaǵıw taǵı baslandı, tórt-bes kún Qunnazardıń waǵında boy jazıp qalǵan hayallar tońqıldanıp bolsa da, qarday aq qıraw qaplaǵan atızlarǵa tańnan túsip júrdi. (Sh.S.)

Allabayǵa berilgen sawal Serimbetke de berilip attı, Erimbet penen Mátek te anawlardıń juwabın tákirarladı. (Sh.S.) Bul qospa gáptiń jay gáplerinde is-háreket, waqıyalar birinen soń ekinshisi izbe-izlik penen iske asqanı seziledi. Diywanalardıń Eshbaydı maqtasqan, oǵan duwa qılǵan sesleri shayxananı ele basına kóterip atır edi, Sayımbet bulmanan alıslaǵansha asıqtı. (Sh.S.) Bul gáplerde intonaciya mezgilles dánekersiz qospa gáplerdi baylanıstırıp kelgen.

Bunda ekinshi gápte kelgen de, te dánekerleri qospa gáptiń quramında kelgen jay gáp ishinde turıp tákirarlanıp qollanılıwı menen, mezgilleslik mánini anıq kórsetip beredi.

Ayırım izbe-izli mezgilles dizbekli qospa gáplerdiń jay gápleri arasında waqıt ráwishi mánisindegi bunnan keyin, onnan keyin, sońın ala, onnan soń, sóytip, keyin sıyaqlı sózler de baylanıstırıp keledi hám olarǵa izbe-izlik máni beredi.

Bunday qospa gápler tómendegi baylanısıw ózgeshelilerine iye:Anıqlıq meyil formaları arqalı baylanısadı Mısalı:Samaldıń órindegi qara bult siyrekledi, onıń ornına aq bult kórindi.

**3.Qarsılaslıq qatnastaǵı dánekersiz qospa gápler** qaraqalpaq tilindegi dánekersiz qospa gáplerdiń jáne bir toparı bolıp esaplanadı. Bunday sintaksislik birliklerdiń komponentleri is-háreket, waqıyaları óz-ara bir-biri menen qarama-qarsı kelgenin kórsetedi. Solay etip, qospa gáptiń jay gápleri mánilik jaqtan qarama-qarsı bolıp turadı. Mısalı:Spravkanı biz beremiz, qorqatuǵın sen. (Sh.S.)

Bul qospa gáptiń eki jay gápinde berilgen mazmun biri ekinshisine qarama-qarsı kelip, dánekersiz qarsılas qospa gáp dúzilgen.

Dánekersiz qarsılas qospa gáptiń jay gápleriniń biriniń bayanlawıshı bolımlı, ekinshisiniń bayanlawıshı bolımsız kelip qarsılaslıq máni ańlatıladı. Mısalı: Asqarbay kózin jumıp bir maydan oylanıp otırdı, usı bir maydan waqıt onı bunshelli tereń oylanıwǵa uqıplı dep oylamaǵan Eshbay ushın shıpshań bir táwlikten kem kóringen joq. (Sh.S.)

Dánekersiz qarsılas qospa gáptiń jay gápleri mánilik jaqtan bir-birine qarama-qarsı keledi. Mısalı:Qayda barǵanın bul soramadı, ol aytpadı. (Sh.S.) Ol

imárat emes, qurı miynet, tırnaqsız imárat qulap qaladı. (Sh.S.) Ol bul jaqqa nege kelgenin eslegisi keldi, esine hesh nárse túspedi. (Sh.S.)

Solay etip, dánekersiz qarsılas qospa gáplerdiń jay gápleri ortasındaǵı qarama-qarsılıq tómendegidey ózgesheliklerge iye bolıp keledi.

1.Subyektler, is-háreketler menen subyekt, is-háreketler ortasındaǵı qarsılıq arqalı bildiriledi. Mısalı: Bunı kórgen Dármenbay juwırıp kele sala tastı qozǵaltpaqshı bolıp edi, Áwezov onıń aldın aldı.

2. Feyildiń bolımlı, bolımsız formaları arqalı baylanısadı. Mısalı: Amanlıq ári-beri tıńlap baǵıp edi, olardıń tiykarǵı maqsetke oralatuǵın túri bolmadı.Eki aǵası kishkene inisin quwıp ketedi, bala jetkermeydi.

3.leksikalıq antonimler arqalı baylanısadı. Mısalı: Bizler alǵa qaray júrip kettik, olar keyin qayttı. Sen oǵan jaqsılıq islegenseń, ol saǵan jamanlıq islegen. Dos sırtıńnan maqtaydı, dushpan kózińshe maqtaydı.

**3. Salıstırmalı qatnastaǵı dánekersiz qospa gáp** sońǵı ilimiy grammatikalarda qaraqalpaq tilindegi dánekersiz qospa gáplerdiń bir túri sıpatına kórsetilip kiyatır. Dánekersiz salıstırmalı qospa gáplerde is-háreket, waqıyaları uqsas bolǵan eki jay gáp biri-biri menen óz-ara salıstırıladı: 1. zatlar salıstırıladı. Mısalı: Pútkil adamzat jılına shama menen 3 mıń kub kilometr suw ishedi − bul jerdegi dushshı suwdıń ulıwma kólemine qaraǵanda onshelli kóp emes.

2. waqıtlıq jaqtan salıstırıladı. Mısalı:1962-jılı hár bir sıyırdan 482 kilogramm sút sawıp alınǵan bolsa, 1963-jılı hár bir sıyırdan 654 kilogramm sút sawıp alındı.

3.leksikalıq antonimlerdiń qollanılıwı arqalı salıstırıladı. Mısalı: Ashıw − araz, aqıl − dos. Bilgen tawıp aytadı, bilmegen qawıp aytadı. Oqıǵan ozar, oqımaǵan tozar. Jaqsı adamda kek bolmas, jaman adam tek bolmas.

4. dáslepki jay gáptiń mazmunı sońǵı jay gápler menen salıstırıladı. Mısalı: Tawdı, tastı jel buzar, adamzattı sóz buzar. Jalǵız aǵash úy bolmas, jalǵız jigit biy bolmas.

**1.3. Birgelkisiz quramlı dánekersiz qospa gáp**

Birgelkisiz quramlı dánekersiz qospa gápler tómendegi túrleri de bir qansha baylanısıw ózgeshelikleri menen ajıralıp turadı:

**1.Sebep-nátiyje qatnaslı dánekersiz qospa gáp.**Qaraqalpaq tilindegi dánekersiz qospa gáplerdiń biri dánekersiz sebep-nátiyje qospa gáp bolıp, ol qospa gáptiń basqa túrlerine salıstırǵanda tilde ádewir ónimli qolllanılıwı menen sıpatlanadı. Bunda qospa gáptiń jay gáplerinde is-háreket, waqıyalardıń sebebi kórsetilse, ekinshisi onıń nátiyjesin bildirip keledi. Tilde bunday sintaksislik birlikler sebep-nátiyje dánekersiz qospa gáp dep ataladı. Olardıń arasın intonaciya baylanıstırıp keledi. Mısalı:

Bazar daǵıwǵa qaraǵan, burınǵıday tıǵılıs joq. (Sh.S.) Zubayda baslıq aytqan on minuttan ótińkirep esikten kirdi, baslıq bunıń jaw quwsa da, naz-naz basıwın buzbaytuǵın júrisin esapqa almaǵan edi. (Sh.S.) - Eki iynimde eki perishte tur, aǵa, ayıp islewge qorqaman. (Sh.S.)

Joqarıda keltirilgen dánekersiz qospa gápler sebep-nátiyje qospa gápler bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq tilindegi dánekersiz qospa gáplerdiń bul túri quramındaǵı jay gápleriniń orın tártibi hám mánilik qatnasları boyınsha eki túrli ózsheshelik penen sıpatlanıp keledi. Qospa gáptiń bir toparı sebep-nátiyjeni bildirip kelse, ekinshisi nátiyje-sebep mánisinde kele beriwi múmkin. Bunda sebep-nátiyje dizbekli qospa gáptiń qaysı máni bildiriwshi komponentiniń burın yamasa keyin kelgenligi olardıń mánilik hám intonaciyalıq ózgeshelikleri menen belgilenedi. Mısalı:

– Ol sorlasa, tilinen taptı, tilińizge bek bolıń, aǵa. (Sh.S.)

Bul shurıq tesik bolıp qalǵan, bunı jańalamasa bolmaydı. (Sh.S.)

Bala qayta bersin, apası qorqıp otırǵan shıǵar. (Sh.S.)

Bul gáplerde birewi menen ekinshisi sebep-nátiyje qatnasın bildirip kelgen.

Solay etip, sebep-nátiyje qatnaslı dánekersiz qospa gáp eki túrli ózgeshelik penen sıpatlanadı.

1) sebep+nátiyje:Al jawın sebelep jawdı da turdı, jer beti iylengen batpaqqa aynaldı. Nurlıbek oǵan qaraǵanda anaǵurlım duǵıjım edi, bársheniń úmiti sonda.

2) nátiyje+sebep:Kelgen pátte-aq onı qayǵılı xabar mayıstırıp tasladı − balası álleqashan-aq shetnegen edi.

**2. Nátiyje qatnaslı dánekersiz qospa gáp.** Bul almasıq sóz arqalı bildiriledi. Mısalı:1971-jıldıń aqırı 1972-jıldıń basında Qızıljar tóbeliginde topıraqtan bóget salındı, bul gazoprovodlardıń kompressor stanciyalarına hám temir jolǵa suwdı úzliksiz berip turıwdı támiyin etti.

**3.Túsindirmeli qatnaslı dánekersiz qospa gáp.** Qaraqalpaq tilinegi dánekersiz qospa gáplerdiń bir túri dánekersiz túsindirmeli qospa gáp bolıp esaplanadı. Dánekersiz túsindirmeli qospa gáptiń ózine tán ózgesheligi sonda – bul qospa gáptiń birinshi komponenti jalpı yamasa ulıwma mánini bildirip keledi, al ekinshi komponent sol birinshi gáptiń mazmunın túsindirip keledi. Qaraqalpaq tilindegi dánekersiz túsindirmeli qospa gáp komponentleri, tiykarınan, intonaciya arqalı baylanısıp keledi.

Túsindirmeli dánekersiz qospa gápte dáslepki komponenttegi ulıwmalıq máni sońǵı komponent arqalı daralanıp berilip, intonaciyalıq jaqtan birinshisi xabar intonaciyası menen, ekinshisi sanaw intonaciyası menen aytıladı. Dáslepki jay gápten keiyn qos noqat belgisi qoyıladı. Demek, dáslepki jay gáp ulıwma mánini bildirip keledi, al sońǵı jay gáp túsinirmeli bolıp keledi. Bunda abstrakt máni anıq máni menen túsindiriledi. Mısalı: Siziń dártińizge dawa bir nárse bar: balańızdı tóbeńizge qoyıp shalamız. Allanazar biy bala sol kúnniń erteńine túske shekem-aq jaqsı xabar tawıp keldi: aktti biziń qáyinimiz sudyanıń qolına qol qoydırıp beripti. (Sh.S.)

Túsindirmeli dánekersiz qospa gápte dáslepki komponenttegi bir aǵza sońǵı gáp penen túsindirilip beriledi. Mısalı:Sonnan soń saǵan másláhátim – sen usı mashındı Áwezge ber. (Sh.S.) Sen sonı bil, hayaldan quwlıǵın asıra almaǵan erkek mákkar hayaldı duzaǵına túsire almaydı… (Sh.S.) On mıń manat aqsha beremen, bul saǵan háwli-hárem, toy-ǵárejet, sawın sıyır, mingi at boladı. (Sh.S.)

Bul, sol, ol da bolsa almasıq hám feyil sózler arqalı baylanısıp keledi. Birewdiń baqırǵan sesti esitildi − bul qońsı úydiń háyalınıń dawısı edi. Olardıń

biri Murat edi − ol hesh nárseden tayınbaytuǵın batır. Jasúlkenniń bir ádeti bar − ol da bolsa hár kúni derlik ózine maqul túsken waqıtları qalanı bir aynalıp qıdırıp qaytadı. Solay etip, túsindirmeli dizbekli qospa gápler de dánekersiz qospa gáplerdiń mánilik bir túri sıpatında belgili.

**4. Shártlik qatnaslı dánekersiz qospa gáp.** Bunda qospa gáp komponentleri dánekersiz baylanısıp, shártlik qatnasta turadı. Olar tómendegi formalar arqalı baylanısadı.

Buyrıq meyil forması arqalı baylanısadı: Jaqsını jatqa berme, dushpanıń kúler. Jamandı dosqa berme, eliń búliner. Búgin óziń háwizdiń boyında jatıp shıqshı, bári de kózińe kórinedi.

Shárt meyildiń-sa/-se forması menen boldı sózi arqalı baylanısıp keledi.Qolı perde sımlarına jaqınlasa boldı, duwtardıń ózi shertilip atırǵanday boladı.

Dánekersiz qospa gáplerdiń strukturalıq túrleri:

1.Ashıq strukturalı dánekersiz qospa gáp.1.1. Mezgilleslik qatnas bildiretuǵın (ashıq strukturalı) dánekersiz qospa gáp: a) ashıq strukturalı bir waqıtlı dánekersiz qospa gáp: Kim qansha shay ishemen dese ishti, qanshama nan jeymen dese jedi. b) ashıq dúzilislik izbe-izli dánekersiz qospa gáp: Gúldirmama gúrkiredi, sońınan dárhal jawın jawa basladı, jawınnan keyin úlken burshaqlar jawıp, saylar tolı sel boldı. 1.2. Ashıq dúzilisli túsindirmeli dánekersiz qospa gáp.Biraq, tilekke qarsı, bul saparı aldın ala boljawlar tuwrı bolıpshıqtı: oktyabrdiń 16 kúninde, pútkil derlik noyabr ayında.

2. Jabıq strukturalı dánekersiz qospa gáp.1. qarsılaslıq intonaciya: Men aldınan shıǵıp edim, (sonda da) olar tıńlamadı. Meni diywalǵa qaratıp qoy, (sonda da) men saǵan hesh nárse aytpayman. 2. sebep intonaciyası: Jer astı suwlarınıń

dárejesi ádewir kóterildi, territoriyanıń dógeregi kebir asha basladı. Qara Jalǵastıń kelgenin qaydan esitkenin bilmeymen, awıldıń adamları biziń úyge tolıp ketti.3. túsindirmeli (eskertpeli intonaciya) intonaciya:. Men saraydıń ishiniń hámme jerin aralap kórdim: bári de silesi qatıp uyıqlap qalıptı.

3. Aralas baylanıslı qospa gáp Irashtan átirap qoldıń qarınday bolıp kórinetuǵın edi, Nurnazar qolın artına alıp kún shıǵarǵa tigile qaradı hám tum-tustan toz-toz bolıp kiyatırǵanlardı ol anıq kórdi.

## II Bap Dánekersiz qospa gáplerdi oqıtıw

Qaraqalpaq tili sabaǵı mekteplerde, joqarı oqıw orında oqıtılatuǵın tiykarǵı pánlerdiń arasında da respublikada mámleketlik til biyligi dárejesin alǵan qaraqalpaq tili sabaǵı áhmiyetli orın tutadı. Qaraqalpaqstan Respublikasında jasaytuǵın tiykarǵı xalıq – qaraqalpaq xalqınıń ana tili sıpatında oqıw orınlarında oqıtılatuǵın bolǵanlıqtan bul pándi oqıtıwda hár tárepleme sapa hám nátiyjege erisiw ushın bir qansha jańa metodlar menen usıllardan, jańa pedagogikalıq texnologiya jetiskenliklerinen paydalanıw zárúr. Qaraqalpaq tilin oqıtıw qaraqalpaq ádebiyatı oqıtıw menen ajıralmas baylanısta alıp barılsa, oqıwshı ana tili menen ádebiyatı haqqında tereń bilimge iye bolıw menen birge Watan súyiwshilik ruhında tárbiyalanadı.

Basqa da pánlerdi oqıtıwda áhmiyet iyelep, qaraqalpaq tilin oqıtıwdıń metodları menen usılları mektepler menen, liceylerde, kolledjlerde basqa da bir qansha ilim tarawların úyreniwdiń deregi bolıp xızmet etedi.

## 2.1. Qaraqalpaq tiliniń sintaksisinde dánekersiz qospa gáplerdi oqıtıw hám onda jańa metodlardan paydalanıw

Qaraqalpaq tilin tálim sıpatında úyreniwdiń tiykarların ana tildiń teoriyalıq tiykarların iyelew, olardı kúndelikli qarım-qatnasta, jámiyetlik turmısta, ilimde, bilimlendiriwde, atap aytqanda, tálim-tárbiya procesinde ámeliy jaqtan durıs hám orınlı qollana biliwgshe alıp keledi. Ana tilinde yaǵnıy qaraqalpaq tilinde ámelge asatuǵın oqıtıwshılar menen oqıwshılardıń, studentlerdiń bir-biri menen kúndelikli sabaq procesindegi qarım-qatnası oqıtıwshınıń ózi, birinshi gezekte, ana tildiń teoriyalıq hám ámeliy tiykarların tolıq iyelegen bolıwı, tilge húrmet penen qarım-qatnas jasawı, jaslardı ana tildi saqlawǵa, qádirlewge shaqıratuǵın bolıwı kerek.

Qaraqalpaq tilin oqıw orınlarında oqıtıw barısında til qubılısların, olar haqqındaǵı teoriyalıq hám ámeliy materialdı, belgilengen saat kólemindegi maǵlıwmattı oqıwshıǵa túsinikli etip jetkerip beriw, bul bilimlerdi oqıwshılardıń sanalı túrde dóretiwshilik penen qabıl etiwi, sonıń menen birge, qaraqalpaq tiliniń barlıq qurılısın, fonetiko-intonaciyalıq, leksika-frazeologiyalıq, morfologiyalıq, sóz jasalıw, sintaksislik ózgeshelikleri menen stillik sistemasın bir pútin sistema sıpatında túsiniwi hám onı zárúr orınlarda qollana biliwi bilim beriw orınlarında qaraqalpaq tilin sapalı oqıtıw, bilim beriw procesinde jańa metodlar menen usıllardı ónimli paydalanıwǵa barıp tireledi. Bul jumıslar jetkilikli dárejede, ayrıqsha sabırlılıq hám turaqlılıq penen alıp barılsa jaqsı nátiyjelerge erisiwge boladı. Bul máselelerdiń bári de mektep, licey hám kolledjler kóleminde oqıtılǵanda olardıń jas ózgesheligin esapqa alıp, anıq bir joba, mólsher menen oqıtıladı. Usı orında oqıtıwshı mektep grammatikası menen ilimiy grammatika arasında bolatuǵın bir qansha ayırmashılıqlardıń bolıwı tábiyiy halat ekenin aytıp

ótiw orınlı. Bul ayırmashılıqlar oqıwshılardı keleshekke baǵdarlanǵan ilim tiykarları menen qurallandırıwǵa, usı pánge baylanıslı ilimiy baǵdar hám teoriyalıq derek beriwge tiykarlananadı. Qaraqalpaq tiliniń metodikası derlik talapları menen sheklenip qalmawı tiyis, ol, sonıń menen birge, til biliminiń talapların da basshılıqqa aladı.

Qaraqalpaq tilin oqıtıw til biliminiń basqa da tarawları menen, sonıń ishinde, tiykarǵı tarawlar esaplanǵan fonetika, leksika, morfologiya hám sintaksis tarawlarına tıǵız baylanısıp keledi. Sonıń menen birge, qaraqalpaq tilin oqıtıwda pedagogika hám psixologiya tarawları da tiykarǵı orın iyeleytuǵın pánler qatarına kiredi. Adamzat ómirinde tálim-tárbiya procesi tiykarǵı orında turatuǵın bolǵanlıqtan, onıń keleshegi usı tárbiyanıń hám bilimniń durıs beriliwi menen baylanıslı ekenligi óz-ózinen túsinikli.

Oqıw orınlarında dánekersiz qospa gáplerdi oqıtıw eń áhmiyetli máselelerdiń biri bolıp, bunda muǵallimniń aldında dánekersiz qospa gápti oqıtıwdıń maqseti menen wazıypaları turadı. Mektep grammatikası ushın ǵana emes, til bilimi, sonıń menen birge, joqarı oqıw ornınıń studentleri ushın da dánekersiz qospa gáp sintaksistiń qıyın bólimleriniń biri sıpatında belgili.

Ulıwma bilim beriw mektebiniń Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páninen is jobasında dánekersiz qospa gápler boyınsha 9-klassta tómendegishe saatlar ajıratılǵan.

| **9-klass** |
| --- |
| |

| 3-sherek 20 saat | | |
|---|---|---|
| 1 | Qarsılas baǵınıńqılı qospa gáp | 1 |
| 2 | Baǵınıńqılı qospa gáplerdi tákirarlaw | 1 |
| | **Kóp baǵınıńqılı qospa gáp** | |
| 3 | Teń baǵınıńqılı qospa gáp | 1 |
| 4 | Izbe-iz baǵınıńqılı qospa gáp | 1 |
| | **Dánekersiz qospa gápler** | |
| 5 | Dánekersiz qospa gáp haqqında túsinik | 1 |
| 6 | Dánekersiz qospa gáptiń mánisine qaray túrleri | 1 |
| 7 | Dánekersiz mezgilles qospa gáp | 1 |
| 8 | Dánekersiz qarsılas qospa gáp | 1 |
| 9 | Dánekersiz sebep-nátiyje qospa gáp | 1 |
| 10-11 | **Baqlaw jumısı hám onı talqılaw** | 2 |
| 12 | Dánekersiz túsindirmeli qospa gáp | 1 |
| 13 | Dánekersiz qarsılas qospa gáptiń irkilis belgileri | 1 |
| 14 | Dánekersiz qarsılas qospa gáplerdi tákirarlaw | 1 |
| | **Aralas qospa gáp** | |
| 16 | | |

Mekteptiń oqıwshısı VII klassta jay gáptiń sintaksisi menen tolıq tanısıp, ol haqqında túsinikke iye boladı, shınıǵıwlar arqalı teoriyalıq bilimlerin bekkemlep baradı. VIII klassta mektep grammatikasında qospa gáp oqıwshınıń mektepke keliwi menen baslanadı. Bunda qospa gápti úyreniw VII klassta ótilgenlerdi

tákirarlawdan baslanadı. Ele baslawısh klassta-aq ulıwma esitken, sonıń menen birge, jay gáplerdiń sintaksisin úyreniw dawamında  ámeliy mısallar boyınsha jumıs isleydi. Biraq bul boyınsha yamasa bul dáwirde qospa gáp boyınsha tolıq maǵlıwmat berilip, turaqlı shınıǵıwlar islenbegenlikten, ekinshi tárepten, jas ózgesheligine de baylanıslı oqıwshı qospa gáp haqqındaǵı bilimlerin tolıq eslep tura almaydı.

Dánekersiz qospa gáp til biliminiń, sonıń ishinde, sintaksis tarawınıń eń qıyın jáne qospalı tarawı bolǵanlıqtan oqıwshılardıń jas ózgesheligin esapqa alıp joqarı klasslarda ótiw belgilengen.  Usıǵan sáykeslengen baǵdarlama islep shıǵılǵan.

Bul baǵdarlama boyınsha oqıwshı:

- sintaksistiń tiykarǵı birligi esaplanǵan qospa gáp haqqında,  onıń qurılıslıq ózgeshelikleri, semantika-grammatikalıq belgileri, qospa gáptiń túrleri, olardıń bir-birinen tiykarǵı ayırmashılıqları, dizbekli, baǵınıńqılı hám dánekersiz qospa gápler. Olardıń jasalıw jolları menen túrleri boyınsha sistemalı túrde bilim alıwǵa erisedi;

- qospa gáptiń irkilis belgileri boyınsha maǵlıwmatqa iye boladı, bul oqıwshı ushın qıyın bolǵanlıqtan teoriyalıq jaqtan da, ámeliy jaqtan da bilim alıwı zárúr boladı;

- sóylew barısında oqıwshı  ózleriniń pikirlerin jay gáplerdiń járdeminde beriwge ádetlengenlikten qospa gáplerdi paydalanıwǵa qıylanadı.   Bul muǵallimnen oqıwshıǵa  bir qansha shınıǵıwlar menen dánekersiz qospa gápti úyreniwdi, oqıwshıǵa stillik jaqtan qospa gápti durıs dúziwge úyretiwdi talap etedi. Sonıń menen birge oqıwshı soylew procesinde dánekersiz qospa gáplerdi durıs qollana biliwi tiyis. Bunıń ushın muǵallim dánekersiz qospa gápti ótpesten aldın jay gápler haqqında bilimlerdi eske túsirip, jay gápler boyınsha  shınıǵıwlar islep alıw kerek. Usı jay gáplerden dánekersiz qospa gáplerdiń quralatuǵının túsindiriw arqalı muǵallim dánekersiz qospa gáplerdiń qurılısı menen birge olardıń baylanısıw usılların úyretedi. Sonıń menen muǵallim oqıwshıda dánekersiz qospa gáp haqqındaǵı dáslepki túsiniklerdi payda etedi.  Bunda muǵallim oqıwshınıń dıqqatın dánekersiz qospa gápke birigetuǵın jay gáplerdiń mánilik jaqtan bir-birine sáykes keliwine qaratadı;

- dánekersiz qospa gápti úyreniw, tallaw ushın  materiallardıń bir qansha qıyınshılıq tuwǵızıwın esapqa alıp, sáykes didaktikalıq materiallar, Tablicalar tayarlaw, kespe qaǵazlar, kartinalar tayarlaw jaqsı nátiyje beredi;

- dánekersiz qospa gáplerdi oqıtqanda oqıwshılar sabaqlıq, qosımsha materiallar ústine bir qansha tayarlıqlar, shınıǵıwlar islew zárúr. Bunıń ushın oqıwshılardıń jas ózgesheligine sáykes keletuǵın tekstler tallaw kerek. Sonıń

menen birge, mısallardı oqıwshılardıń ózlerine tallatıw kerek. Olardı oqıwshınıń jazba hám awızeki sóylew barısında durıs qollana biliwine kónlikpe payda etiwi kerek. Dánekersiz qospa gáplerdiń jay gápler menen, jay gáplerdiń dánekersiz qospa gápler menen baylanısın durıs túsindirip beriwi tiyis. Demek, oqıwshı dánekersiz qospa gápti dúzip hám onı sóylew barısında qollanıp biliwi kerek.

-oqıwshınıń dánekersiz qospa gápler haqqındaǵı bilimlerin ámeliy shınıǵıwlar boyınsha kónlikpeler arqalı bekkemlew kerek.

Dánekersiz qospa gápti oqıtıwda oqıwshınıń terminlerdiń mánilerin tolıq túsinip alıwına járdem beriwi kerek. Bir neshe metodlardan paydalanıw maqsetke muwapıq keledi.

Aqıl hújimi metodın qollanıw arqalı dánekersiz qospa gáp penen jay gáplerdiń arasındaǵı ayırmashılıqlardı túsindirip berse boladı. Dánekersiz qospa gápti túsindirgende muǵallim tablicalardan paydalanıp, onıń bir tárepine jay gápti, ekinshi tárepine dánekersiz qospa gápti mısal etip keltiriw arqalı olardıń ayırmashılıǵın kórsetip berse boladı. Muǵallim eki jay gápti bir qospa gápke biriktirip, dánekersiz qospa gápti oqıwshınıń kóz aldında payda etiw arqalı oǵan túsindirip beriwi múmkin. Oqıw baslandı. Jazǵı dem alıs jaqsı ótti gápleri arqalı dánekersiz qospa gáp penen jay gápti túsindirgende qálegen eki jay gápten qospa gáp bolmaytuǵının uqtırıwǵa boladı. Bunda dánekersiz qospa gáptiń quramına eniw ushın olar ortasında mánilik jaqtan baylanıs bolıw kerekligin aytıw kerek.

Sońǵı dáwirlerde payda bolıp atırǵan miynetlerde analizlenetuǵın maǵlıwmatlardı kórgizbeli túrde usınıw usılları hám quralları kórsetilgen bolıp,

olardıń arasında grafikalıq shólkemlestiriwshiler toparı belgili orın tutadı. Bunda maǵlıwmatlardı bólimlerge bóliw hám ulıwmalastırıw usılları hám quralları, úyreniletuǵın túsinikler (qubılıslar, waqıyalar, tema hám basqalar) arasında baylanıstı hám baylanıslılıqtı ornatıw; maǵlıwmatlardı analizlew, salıstırıw; mashqalalardı sheshiwdi jobalastırıw sıyaqlı máseleler kórip shıǵıladı.

Mısallar keltirip temanı túsindiriw jaqsı nátiyje beredi.

Oqıwshılar menen birlikte bul úsh sintaksislik birlik ortasındaǵı ózgeshelikti ajıratadı. Olardıń úshewine de ortaq belgi –kem degende eki jay gápten quralatuǵını, qospalı oy-pikirdi bildiretuǵını, bir qansha grammatikalıq qurallar arqalı baylanısatuǵını olardıń uqsaslıq belgileri ekeni aytılıp, sonıń menen birge, ayırmashılıq belgileri túsindiriledi.

Oqıwshılar muǵallimniń bergen bilimi arqalı dánekersiz qospa gáptiń tómendegi ózgesheliklerin bilip aladı`

Birinshiden, qaraqalpaq tilindegi qospa gáplerdiń bir túri dánekersiz qospa gápler boladı.

Ekinshiden, qospa gáplerdiń quramındaǵı jay gápler barlıq waqıtta tek ǵana birdey grammatikalıq qurallar menen baylanısıp kele bermeydi.

Úshinshiden, geypara jaǵdaylarda olardıń komponentleri dánekerlerdiń qatnasısız, tek ǵana intonatsiya arqalı baylanısıp keledi.

Qaraqalpaq tilindegi dánekersiz qospa gáptiń usınday tiykarǵı ózgeshelikleri muǵallim tárepinen oqıwshılarǵa anıq hám tolıq etip túsindirilip berilgennen keyin dánekersiz gáptiń anıqlamasın oqıwshılar menen birge payda etiwge boladı. Yaǵnıy quramındaǵı jay gápleri dánekerlerdiń qatnasısız, tek ǵana intonatsiya arqalı baylanısıp kelgen qospa gápler dánekersiz qospa gápler dep ataladı. Qaǵıyda kitapta berilip, onı oqıwshılar yadta saqlaw tapsırılǵanı maqul.

Soraw-juwap ótkeriw muǵallimge oqıwshınıń alǵan bilimin sistemalastırıwǵa hám bekkemlewge keń múmkinshilik beredi. Bunıń ushın sorawlar anıq hám túsinikli bolıwı kerek. Oqıwshıda ótilgen tema boyınsha alınǵan ulıwma túsinikti soraw-juwap arqalı bekkemlewge boladı. Soraw-juwap izbe-izlik penen ótkerilse, oqıwshınıń bilimi belgili bir sistemaǵa túsedi. Qospa gáplerdiń bul túrin muǵallim oqıwshıǵa úyretkende onıń sóylew mádeniyatına qatnaslı táreplerine de dıqqat awdarıwı tiyis. Muǵallim oqıwshını durıs sóylewge, sóylew mádeniyatı tiykarların durıs iyelewge, dánekersiz qospa gáplerdi durıs dúziwge baǵdarlaydı.

Endi muǵallimniń aldında dánekersiz qospa gápler boyınsha oqıwshılardıń alǵan teoriyalıq bilimlerin ámeliy jumıslar, shınıǵıwlar arqalı bekkemlep barıw wazıypası payda boladı. Sabaqtıń maqsetine sáykes jańa pedagogikalıq texnologiya metodlarınan klaster, aqıl hújimi hám basqa da metodlardı paydalansa boladı.

Dánekersiz qospa gápti klaster usılı arqalı kórsetip beriw onıń oqıwshınıń yadında durıs saqlanıwına múmkinshilik beredi. Bunnan basqa da hár qıylı ámeliy jumıslardı shólkemlestiriw muǵallimniń tájiriybesi menen sheberligine baylanıslı. Sonıń menen birge, oqıwshılardıń til baylıǵın rawajlandırıw maqsetinde jazba jumıslar – bayan, kishigirim kólemdegi shıǵarma jumısları, ádebiy shıǵarmalardan kishi kólemdegi mazmunlamalar, úyretiwshi diktantlar ótkeriw maqsetke muwapıq keledi. Qospa gáptiń basqa túrlerin, máselen, baǵınıńqılı qospa gápti dánekersiz qospa gápke aynaldırıw yamasa dánekersiz qospa gápti dizbekli qospa gápke aynaldırıw oqıwshıǵa qospa gáptiń bul túrlerin bir-birinen durıs hám ańsat ajıratıwına múmkinshilik beredi. Bunnan keyingi sabaqlarda oqıwshıǵa dánekersiz qospa gáptiń irkilis belgileri maǵlıwmat beriledi. Bunda da hár qıylı usıllardan paydalanıwǵa boladı.

Tablica oqıwshınıń taza temanı kóriw hám esitiw arqalı qabıl etiwine múmkinshilik beredi.

**«Grafikalıq shólkemlestiriwshi (organayzer)** – oyımızdaǵı proceslerdi kórgizbeli usınıw quralı». Bunday kórgizbeli usınıw quralların insert, klaster, taypalı keste, kontseptual keste, BBB kestesi kiredi.

☝ **Klasterdi dúziw qaǵıydaları**

1. Aqılıńızǵa kelgen barlıq nárseni jazıń. Ideya sıpatın dodalamań: olardı ápiwayı túrde jazıń.

2. Orfografiya hám basqa faktorlarǵa itibar bermeń.

3. Ajıratılǵan waqıt tamam bolǵansha jazıwdı toqtatpań. Egerde aqılıńızǵa ideya keliw toqtasa, onda jańa ideyalar payda bolaman degenshe qaǵazǵa súwret salıń.

4. Kóbirek baylanıstıń bolıwına háreket qılıń. Ideyalar sanı, olardıń aǵımı hám olar arasındaǵı óz-ara baylanıslılıqtı shegaralamań.[7]

Dánekersiz qospa gáplerdi klaster usılı arqalı úyretiw múmkin.

«Soraw sizge» usılında oqıwshılardıń dánekersiz qospa gáplerdiń ózine tán ózgesheliklerin qalay túsingenin, ózlestirgenin anıqlawǵa, biliwge boladı. Bunda oqıwshı óziniń sabaqlıǵında berilgen qaǵıydaǵa súyenip pikirlerin bildiredi, sonda aljasqan, túsinbegen jeri bolsa túsinedi. Bunday usıllardı paydalanǵanda hesh bir oqıwshı da dıqqattan shette qalmaydı, sabaqqa qızıǵıwshılıǵı artadı, qatnasıp otırıwǵa háreket etedi. Bular oqıwshınıń oy-pikirin ósiriwge úlken rol atqaradı. Bul usıl menen dánekersiz qospa gáplerdiń bir qansha ózine tán belgilerin, ózgesheliklerin anıqlawǵa boladı. Bul usıl aqılıy hújim metodı menen uqsas bolıp keledi.

## BBB usılı

Bul usıl «Dánekersiz qospa gápler» temasın ótkende muǵallimge tema boyınsha oqıwshılardıń alǵan bilimlerin tekserip kóriwge úlken járdem beredi. Bul usıldı, tiykarınan, sabaqtı juwmaqlaw basqıshında qollanǵan durıs boladı. Sebebi, oqıwshılar ótilgen jańa tema boyınsha alǵan barlıq bilimlerine juwmaq jasaydı. Bunıń ushın tómendegi kesteni búgingi ótilgen tema boyınsha toltırıp beredi. Usı

---

[7] Ходиев Б., Голиш Л., Хашимова Д.П. Өз бетинше оқыў хызметин шөлкемлестириўдиң усыл ҳәм қураллары. Нөкис, 2012, 48-бет.

tiykarda muǵallim oqıwshılardıń ótilgen jańa temanı qalay túsingenin bilip, anıqlap aladı, bilgisi kelgen problemaları boyınsha jáne de kelesi sabaqta maǵlıwmat berip baradı.

| Bilemen | Bildim | Bilgim keledi |
|---|---|---|
| | | |

Oqıwshı muǵallim ótken sabaq nátiyjesinde sózlerdiń jasalıw normaların tolıq hám durıs saqlay biliwdi úyreniwi kerek. Sintaksislik tallawlar, soraw juwap, klaster, BBB hám t.b. usıllar bul sabaqtı ótiwde úlken járdem beredi. Bulardıń bári de dánekersiz qospa gáplerdi oqıtıwda úlken áhmiyetke iye.

## 2.2.Dánekersiz qospa gáptiń túrlerin oqıtıw

Qaraqalpaq tilinde qospa gápler úsh túrge bólinedi. Qospa gáptiń usı úsh túrin oqıtıwda muǵallim kespe qaǵazlardan, sxema-tablicalardan paydalansa boladı. Tablicada jay gápler menen dánekersiz qospa gápler alınıp, olar bir-biri menen salıstırılıp kórsetiledi. Olardıń ózgesheliklerin úyretiw barısında muǵallim oqıwshılardıń qalay qabıl etip atırǵanın qadaǵalap turıwı tiyis. Dánekersiz qospa gáptiń hár qıylı bolıp keletuǵını aytılıp, baylanıstırıwshı grammatikalıq qurallar hám t.b. ózgesheliklerine qaray eki túrge bólinetuǵını aytıladı.

**Dizbekli qospa gáp:**

Jaz aqırladı da, kún salqın tarta basladı.

**Baǵınıńqılı qospa gáp:**

Muǵallim kelip, sabaq baslandı.

**Dánekersiz qospa gáp:**

Baǵ ósirildi, oǵan baǵman bekitildi.

Bul qospa gáplerdegi ózgesheliklerdi muǵallim oqıwshıǵa terminlerdiń mánilerin tolıq túsindirip beriw arqalı uqtırıwı kerek.

Ulıwma qospa gáp hám onıń túrleri menen oqıwshı 9-klassta ótilip atırǵan materiallardan tanıs. Ulıwma, kirisiw gúrrińinen baslanǵan sabaq ótken tema menen baylanıstırılıp alıp barılsa unamlı nátiyjege erisiwge boladı. Qospa gáptiń túrleri esaplanǵan dizbekli qosap gáp, baǵınıńqılı qospa gáp hám dánekersiz qospa gáplerdi muǵallim bir–biri menen salıstıra otırıp, olardı kórgizbe qural yamasa Tablica arqalı kórsetip berse boladı.

Dánekersiz qospa gáp haqqında oqıwshı ulıwma tanıs bolǵanı menen, onıń barlıq ózgeshelikleri menen tolıq tanıs emes. Sonlıqtan sistemalı bilim beriw ushın muǵallim dánekersiz qospa gáp degen ne, onıń qanday grammatikalıq, semantikalıq belgileri bar ekenligi haqqında aqıl hújimi metodı arqalı gúrrińlesip olarda túsinik payda etedi.

Muǵallim usı arqalı oqıwshıda bul tema haqqında bilim hám kónlikpe payda etedi. Sabaqtaǵı tiykarǵı maqset dánekersiz qospa gáp hám onıń sóylewdegi áhmiyeti menen baylanıslı bolıp, oqıwshı bunı durıs ańlap alıwı tiyis.

Muǵallim dánekersiz qospa gáptiń tiykarǵı belgilerin kórsetip beredi:

- dánekersiz qospa gáp komponetleri óz aldına kelgende bir náwiye tamamlanǵan oy-pikirdi bildire aladı;

- onıń quramındaǵı hár bir jay gáptiń bayanlawıshı boladı;

- olar bir-biri menen intonaciya, leksikalıq hám grammatikalıq qurallar yaǵnıy korrelyatlar arqalı baylanısıp keledi;

- olar ornı tártibi jaǵınan alıp qaraǵanda turaqlı bolıp kelgenlikten almastırıwǵa bolmaydı;

Komponentleri sanı jaǵınan eki hám onnan da kóp bolıp keledi.

Oqıwshılarda kónlikpe payda etiw, olardıń alǵan bilimlerin bekkemlew ushın hár qıylı ámeliy jumıslar ótkerip olarda bir qansha oyın metodların paydalanıw maqsetke muwapıq keledi.

- sabaqlıqta berilgen ámeliy jumıslardı orınlaw;

- sintaksislik tallaw júrgiziw;

-úyretiwshi diktantlar ótkeriw;

-dóretiwshilik jumıslar islew, bunda dánekersiz qospa gáptiń bir komponentin kespe qaǵazǵa jazıp, ekinshi komponentin oqıwshınıń ózine taptırıw, geypara leksikalıq yamasa morfologiyalıq korrelyatlardı qospa gáp komponentleriniń tiyisli orınlarına qoyıp úyretiw hám t.b. arqalı oqıwshıda bul tema boyınsha tolıq túsinik payda etiwge boladı.

Kelesi sabaqta dánekersiz qospa gáptiń túrleri ótilip, onda belgilengen saat boyınsha birgelkili quramlı dánekersiz qospa gápler hám birgelkisiz quramlı dánekersiz qospa gápler boyınsha teoriyalıq hám ámeliy jaqtan maǵlıwmatlar beriledi. Tákirarlaw sabaǵında oqıwshınıń korrelyatlardı yadlap alıwına imkaniyat beriw kerek. Usılar arqalı oqıwshınıń dánekersiz qospa gápler boyınsha bilim hám kónlikpe alıwına erisiwge boladı.

Tek ǵana qaraqalpaq tili emes, hár bir sabaq sıyaqlı «Dánekersiz qospa gápler» temasın ótkende de sabaqtı jobalastırıw maqsetke muwapıq boladı.

**Tema:** Dánekersiz qospa gápler

**Sabaqtıń maqseti:** Dánekersiz qospa gápler tuwralı teoriyalıq bilim beriw menen birge ámeliy kónlikpeler payda etiw

**Sabaqtıń jobası:**

1. Úy tapsırmasın soraw
2. Jana materialdı bayanlaw
3. Dánekersiz qospa gáplerge awızsha túsinik beriw
4. Dóretiwshilik shınıǵıw
5. Sabaqtı juwmaqlaw h ám úyge tapsırma beriw.

**Sabaqtıń barısı:**

Sabaqtıń barısı, ádettegishe, úy tapsırmasın sorawdan baslanadı. Bunda muǵallim berilgen shınıǵıwdı náwbetshi yamasa basqa bir oqıwshı arqalı anıqlap, shınıǵıwdan berilgen dánekersiz qospa gáplerdi anıqlap, studenlerge baha qoyadı.

Jańa materialdı bayanlawda muǵallim túrli kórsetpeli qurallardan, sabaqlıqtan, taxtadan jáne hár qıylı usıllardan paydalanadı.

Ulıwma, muǵallim dánekersiz qospa gáplerdiń qalay dúziletuǵının túsindirse de olardı basqa qospa gáplerge, máselen, eki komponentli gápler hám olardıń túrlerine salıstırıp, dánekersiz qospa gáp dúzip, olardı barlıq belgileri menen qosa anıqlap, kórsetip, túsindirip beriwi kerek. Bunda dánekersiz qospa gáptiń dúziliwindegi tiykarǵı ózgeshelikke – intonaciya hám korrelyat sózler arqalı baylanısıwına  ayrıqsha toqtap ótiwi tiyis.

Sabaqtı bekkemlewde oqıwshshılardıń temanı qanday dárejede túsingenin, ózlestirgenin biliw, anıqlaw maqsetinde soraw-juwap metodınan paydalansa boladı. Bunıń ushın muǵallim tómendegidey sorawlardı oqıwshılarǵa beredi:

1.Qospa gáp degen ne? Onıń qanday túrleri bar?

2. Dánekersiz qospa gáp degen ne? Olar qalay dúziledi?

3. Intonaciya arqalı  baylanısıwı degende neni túsinesiz?

4. Korrelyat sózler arqalı  baylanısıwı qanday ózgeshelikke iye?

5. Dánekersiz qospa gápler qospa gáptiń qanday túri bolıp esaplanadı?

7. Mısallar keltiriń.

Bul sorawlarǵa muǵallim awızsha juwaplar  alǵannan keyin ótilgen temanı ámeliy jaqtan jáne de bekkemlew maqsetinde sabaqlıqtan  shınıǵıw isletiwine boladı. Shınıǵıwdı muǵallim qadaǵalap tekserip baradı, bahalaydı.  Úy tapsırmasın berip, oqıwshılar menen xoshlasıp sabaqtı juwmaqlaydı.

## 2.1. Birgelkili quramlı dánekersiz qospa gáplerdi oqıtıw

Dánekersiz qospa gáplerdiń mánisi olardıń komponentleri arasındaǵı mánilik qatnaslar arqalı bildiriledi. Bul mánilik qatnaslardı bildiriwde olardıń bayanlawısh formaları, intonaciya, korrelyat sózler úlken xızmet atqaradı.

Dánekersiz qospa gáptiń usı táreplerin oqıwshılarǵa úyretiwde tómendegilerge itibar beriledi: ótiletuǵın temanı anıq túsindiriw, ótilgen temanıń oqıwshılardıń esinde anıq hám tolıq saqlanıwına erisiw, oqıwshılardıń ótilgen temanı hár tárepleme ózlestirip alıwı ushın tákirarlawdı izbe-iz qollanıw, ótilgen temaǵa baylanıslı shınıǵıw hám jazba jumıslardı jazdırıw hám t.b.

Dánekersiz qospa gáplerden oqıwshılardıń tıyanaqlı hám tolıq bilim alıwında óz betinshe hám dóretiwshilik jumısları ótkeriledi. Olardıń ótilgen tema boyınsha biliminiń turaqlı bolıwı ushın tákirarlaw sabaǵı boladı.

Tákirarlaw sabaǵı ótilgen materialdı ózlestiriwde, sol boyınsha anıq túsinikke iye bolıw da járdem etedi.

Tákirarlaw sabaǵı belgili joba yaki tártipte ótkeriledi. Bunda ótilgen materiallardıń qaysı orınların (oqıwshılarǵa qıyın, túsiniwine j árdem kerek bolǵan jerlerin) qalay tákirarlaw kerek? Qanday metodikalıq usıllardan paydalanıwǵa boladı? Geyde ótilgen temanıń yaki materialdıń barlıq orınları tákirarlanadı.

Tákirarlaw barısında oqıwshılardıń ótilgen materialdı biletuǵın tárepleri ulıwma eske túsiriledi de, al materiallardıń eń qıyın, qospalı orınları tereńirek, kóbirek úyretiledi.

Ótilgen materialdı tákirarlaw aldın ala belgilenedi, yaǵnıy oqıwshılardıń sol temaǵa úsinigi, bilim dárejesi, este saqlaw qábileti itibarǵa alınadı.

Eger dánekersiz qospa gáptiń hámmesi tákirarlanıwı kerek bolsa, temańıń tiyisli orınları, áhmiyetli tárepleri názerde tutılıp, arnawlı túrde tákirarlaw ótkeriledi.

**Dánekersiz qospa gáplerdi t ákirarlawda mınalarǵa itibar beriledi:**

1. D ánekersiz qospa gápke juwmaqlawshı tákirarlaw kerek, sebebi, temanıń ózgesheligi, bóliniwleri oqıwshılardı shatastırıwı múmkin.
2. Bul tema ótiliwden aldın onıń jay gáplerden ózgesheligi aytıladı hám dánekersiz qospa gápke qatnası túsindiriledi. Usı táreplerin ele de eske túsiriw de onı mısallar menen dáliyllewge tuwra keledi.
3. Ótilgen temaǵa baylanıslı tekseriw diktantın, bayan, shıǵarma hám t.b. jumıslardı jazdırıwǵa baylanıslı tapsırmalar beriledi.

Dánekersiz qospa gápler ótilip bolınǵan soń juwmaqlaw hám tákirarlawdı ótkeriw menen tákirarlawdıń barlıq tárepi sheshilmeydi. Ol ushın sabaq dawamında kúndelikli tákirarlaw turaqlı túrde alıp barıladı.

Óytkeni turaqlı tákirarlawda oqıwshılar ótilgen materialdıń hámme tárepin túsinedi, tema boyınsha bilim turaqlı bolıp, ózinshe oylaw, ámeliy jumıs islew qábiletlilik qáliplesedi, temaǵa baylanıslı gáp dúziw, mısal tabıwǵa uqıplılıq jetilisedi.

Ótilgen materiallardı eske túsiriwde, onı ózlestiriwde alıw hám tákirarlawda hár qıylı jumıslardan paydalanıladı:

1) dánekersiz qospa gáplerdegi jay gáplerdiń baylanısıw usılların, belgilerin anıqlaw;

2) sol tiykarda gáp dúziw, yaki berilgen tekstten dánekersiz qospa gáplerdi tawıp, olardıń tiykarǵı belgilerin biliw.

Sonday-aq, ótilgen temanı yaki materiallardı bekkemlew yamasa eske túsiriw barısında oqıwshılardan soraw hám úyge berilgen tapsırmanı tekseriw (dánekersiz qospa gáplerdi anıqlaw, shınıǵıwdıń orınlanıwın baqlaw, belgili sózler járdeminde úzilgen gáplerdiń dúrıslılıǵın qadaǵalaw hám t.b) tákirarlawdıń tiykarǵı dárekleriniń biri.

Hámme waqıt ótilgen materiallardı oqıwshılardan soramastan olardı qıynaldıratuǵın sorawlar berilip tema eske túsiriledi. Kóp sorawlar oqıwshını jalıqtıradı, sonlıqtan olar aytılǵan pikirdi qaytalay beriwge ádetlenedi.

Dánekersiz qospa gápti úyretilgende muǵallim oqıwshılardıń sanasında anıq túsiniktiń payda bolıwı esapqa alınadı. Sol ushın materialdıń jobası dúziledi, sol tiykarda hám kórsetpelilikte tema túsindiredi.

Tema jaqsı túsindirilgen menen oqıwshıǵa ol jetkiliksiz. Sebebi sol temaǵa baylanıslı jumıs islewdiń jolın, berilgen sózler arqalı gáp qurawdı úyretiw kerek boladı.

Oqıwshılardıń ótilgen tema yaki material boyınsha jumıs islewine tákirarlawdıń belgili dárejede járdemi bar. Sonlıqtan ótilgen materiallardı eske túsiriwde, sorawlar tayarlawda, islenetuǵın ámeliy jumıslart aldın-ala belgilenedi.

Dánekersiz qospa gápler temasın túsindiriwde tańlanǵan usıl, temaǵa tiyisli gáp hám tekst mazmunı jaǵınan, til ózgesheligi boyınsha baǵdarlamaǵa sáykes bolıwı tiyis.

Dánekersiz qospa gáplerdi oqıtıwda mınaday didaktikalıq principler basshılıqqa alınadı:

1) ótiletuǵın materialdıń oqıwshılardıń bilim dárejesi menen jas ózgesheligine sáykesligi;

2) jańa materialdıń oqıwshılardıń qızıǵıwshılıǵı menen intasın arttırıwı;

3) jańa materialdıń burın ótilgen tema menen baylanıslılıǵı;

4) temanı bekkemlew barısında tákirarlawdı ámelge asırıw;

5) ótilgen temanı tákirarlawda oqıwshılardıń tema boyınsha bilimin, túsinigin esapqa alınıw hám t.b.

Oqıw baǵdarlamasında dánekersiz qospa gáplerdi oqıtıwda materialdıń awır-jeńiline, kólemine qaray saat berilgen.

Dánekersiz qospa gápler komponenetleriniń sanına, mánilik belgilerine, ondaǵı jay gáplerdiń baylanısıw tártibine qaray dizbekli hám baǵınıńqılı qospa gáplerden ózgeshelenedi.

Bul temalardı túsindiriliwde tájiriybesi tiykarında, metodikalıq usıllar menen jumıs alıp barıladı. Dánekersiz qospa gáplerdi túsindiriwde sol temaǵa tán bolǵan faktler, belgiler aytıladı, tiyisli mısallar menen d áliyllenedi.

Oqıwshılarǵa usı tema boyınsha bilim berilgeni anıqlanadı. Materialdı tákirarlawı, onı joba boyınsha alıp barıwı belgilenedi.Bir saatlıq sabaq tákirarlawǵa arnaladı, sabaqtıń jobası óz aldına dúziledi hám tákirarlawdıń mazmunı menen maqseti aytıladı.

Temanıń mazmunın anıqlawda jeńil hám qısqa, túsinikli sorawlar dúzilip oqıwshılarǵa beriledi, sorawlar ulıwmalıq hám jeke xarakterde bolıwı múmkin, Sabaqqa itibarsız, ıqlassız qatnasqan oqıwshılarǵa bul sorawlar beriledi.

Oqıwshılarǵa beriletuǵın ulıwmalıq sorawlar tómendegishe:

1. Dánekersiz qospa gáplerdegi jay gápler qanday usıllar menen baylanısadı?

2. Bundaǵı jay gáplerdiń m ánilik belgilerin qalay anıqlawǵa boladı?

3. Dánekersiz qospa gáp jay gáplerden qanday belgiler menen ózgeshelenedi?

Bul sorawlarǵa oqıwshılar tolıq qatnasıp, ózlerinshe juwap beriwge háreket etedi. Bulardan sorawlardan basqa hár bir oqıwshınıń ótilgen material boyınsha túsinigin, bilimin anıqlaw maqsetinde mınaday jeke túrdegi sorawlar da beriliwi m múmkin:

1. Mezgilles dánekersiz qospa gáp qanday m ánilerdi anlatadı?
2. Qarsılas dánekersiz qospa gápte jay gáplerdiń orın tártibi qanday boladı?
3. Salıstırmalı dánekersiz qospa gáptiń komponentleriniń sanı qanday?

Berilgen sorawlarǵa juwaplar awızsha, al ayırım jaǵdayda jazba túrde alınıp, soń sol juwaplar belgili tártipte bahalanadı.

Dánekersiz qospa gáptiń bul túrin  oqıtıwda tákirarlaw sabaǵı alıp barıladı.

Dánekersiz qospa gáplerdiń hár bir túri túsindirilgennen soń ulıwmalıq hám juwmaqlawshı tákirarlawlar ótkerilgende, oqıwshılardıń tıyanaqlı bilim alıwı támiyinlenedi.

Qarsılas dánekersiz  qospa gáp ótilgennen keyin onı tákirarlawda tómendigedey sorawlar ortaǵa taslanadı:

1. Qarsılas máni qalay bildiriledi?
2. Qarsılas máni bildiriwshi formalar qaysılar?
3. Ne ushın qarlısas dizbekli qospa gáp dúziledi hám t.b?

Ulıwma alǵanda, dánekersiz  qospa gápler  úyrenilgennen keyin tákirarlaw sabaǵı ótkerilgende bul boyınsha oqıp  úyrenilgen materiallar onıń belgileri anıqlanadı. Nátiyjede oqıwshılar dánekersiz qospa gáptiń barlıq táreplerin, haqıyqıy qospa gáp bola alatuǵının anıq biliwge háreket etedi.

Dánekersiz qospa gápler jańa ótiletuǵın material retinde  úyrenilgende, oqıwshılardıń bul boyınsha bilimge iye bolıwında mınalar esapqa alınadı:

1. Hár bir ótiletugın jańa tema burın ótilgen tema menen tıgız baylanısta bolıw kerek.
2. Jańa tema oqıwshılarga túsinikli bolıwda  úyretilgen teoriyalıq material, ámeliy jumıslar menen baylanısta beriliw shárt.
3. Jańa temanı túsindiriwde hár qıylı usıllar tańlap alınadı. Dánekersiz qospa gáplerdi tákirarlaw sabagında onıń mánilik túrleri arnawlı tákirarlanadı. Tákirarlaw sabagında oqıwshılarga kespe qagazlar yaki dánekersiz qospa gáp komponentleriniń baylanısıw hám orınalasıw tártibin biliw, anıqlaw negizinde sxema beriliwi m úmkin.

Dánekersiz qospa gáplerdi ótiwde aqılıy hújim metodın ótkeriw basqıshları.

Oqıtıwshı: temadan kelip shıǵıp mashqalanı anıqlaydı.

1) Oqıwshılardıń ózlerin erkin seziwleri ushın sharayat jaratıw;

2) Bildiriletuǵın ideyalardı olardıń avtorları tárepinen tiykarlanıwına erisiw olardı jazıp barıw;

3) Qaǵaz betleri pikirler, ideyalar menen tolǵannan soń olardıń jazıw taxtasına ilip qoyıw;

4) Bildirilgen pikirlerdi jańa ideyalar menen bayıtıw tiykarında olardı qollap quwatlaw;

5) Basqalar tarepinen bildirilgen pikirler ustinen kúliwge jol qoymaw;

6) Jana ideyalar , pikirler bildiriw dawam etip atırǵan mashqalanıń durıs sheshimin aytıwǵa asıqpaw kerek;

7) Oqıwshınıń erkin pikir jurgiziw, jeke pikirleri ushın ortalıq jaratıladı;

8) Ideyalardıń túrlerine kóp muǵdarda bolıwına áhmiyet qaratıladı;

9) Basqalar tárepinen bildirilgen pikirlerdi yadta saqlaw, olardıń pikirlerine tayanǵan halda jana pikirlerdi bildiriw, pikirler tiykarında juwmaqlarga keliw sıyaqlı háreketlerdiń islewge erisiledi. Usı aqılıy hújim metodı menen dánekersiz qospa gáplerdi oqıtıw unamlı nátiyje beredi.

Dánekersiz qospa gáplerdi oqıtıwda tómendegidey kespe qagazlar qollanıladı:

**1-kespe qagaz**

1.Dánekersiz sebep-nátiyje qospa gápke mısal keltiriń.

**2-kespe qagaz**

2. Dánekersiz qospa gápke mısal keltiriń hám t.b..

**«Insert» usılı.**Insert strategiyasın qollanıw sabaq barısında berilip atırǵan materialdı oqıwshılardıń ózlestirgenligin interaktiv belgiler sistemasın paydalanıw járdeminde anıqlaw ushın qollanıladı. Bul strategiyanı qollanıw oqıwshılarda tekst penen jumıs islewdiń nátiyjeliligin, oylanıp oqıwdı, ótken material menen jańanıń baylanısın kórsetiw uqıplılıǵın arttırıp baradı.

Insert strategiyasınıń belgiler sisteması tómendegishe kóriniske iye bolıwı shárt:

– «V» - belgisi oqıwshılar burın bilgen mazmunǵa qoyıladı.

– «-» - (minus) belgisi oqıwshılardıń alǵan maǵlıwmatı, alǵan bilimlerine qarsı mazmunǵa qoyıladı.

– «+» - (plyus) belgisi oqıwshılar ushın jańa bolǵan mazmunǵa qoyıladı.

–«?»- (soraw) belgisi oqıwshılar ushın túsiniksiz, qosımsha maǵlıwmattı talap etetuǵın mazmunǵa qoyıladı.

Insert strategiyasın qollanǵanda birinshi adım retinde kórsetilgen tema boyınsha «miyge hújim» júrgiziledi, ekinshi adım retinde berilgen mazmundı belgilerdi qollanıw járdeminde individual oqıw talap etiledi, úshinshi adım retinde «miyge hújim» tiykarında alınǵan nátiyjeni oqıw tiykarında alınǵan mazmun

menen baylanısta talqılanadı, tórtinshi adım retinde alınǵan maǵlıwmattı «Insert» tablicası túrinde sistemalastırıw kerek boladı.

Insert tablicası

| V | + | - | ? |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |

Bul metodtıń mazmunı oqıw procesinde  oqıw materiallarınıń hárbir abzacın (úzindisin) bahalaw hám nátiyjelerdi qálem menen belgilep barıwdan ibarat. Ol tómendegishe orınlanadı:

Oqıw materiallarınıń shetindegi ashıq orınǵa «V» belsigi qoyılıp, eger oqıǵan nárse oqıwshıǵa burınnan málim yamasa oyına sáykes kelse, «-» belgisin, eger oqıǵan nárse oqıwshınıń oyına yamasa burınnan bilgenlerine, bilimlerine qayshı kelse, al «+» belgisi bolsa oqıǵan nársesi oqıwshıǵa jańalıq bolǵanda qoyıladı. «?» belgisi bolsa oqıp atırǵan materialdıń túsiniksiz yamasa usı máselede anıǵıraq maǵlıwmattı alıwdı qálegen waqıtta qoyıladı.

Solay etip, oqıw procesinde oqıwshılar óz bilimlerine hám túsiniklerine qarap tórt túrli belgilerdi qoyadı.  Hárbir qatardı yamasa pikirdi belgilep barıw shárt emes. Bul belgiler arqalı muǵallim oqıwshılardıń oqıw materialı haqqında pikirin bilip aladı. Nátiyjede hárbir abzacta bir yamasa onnan da kóbirek belgi payda boladı. Insert metodınıń  mánisi oqıwshılar jańa materialdı burınnan belgili yamasa jańa túsinikli, yamasa qarsı pikirdi payda etken maǵlıwmat sıpatında

bahalawdan ibarat. Biliw tarawındaǵı oqıw maqsetleriniń B Blum tárepinen kórsetilgen klassifikaciyalıq aksonomiyasında (bilim, túsiniw, qollanıw, analiz, sintez, bahalaw) baha beriw aqıl xızmetiniń eń joqarı dárejesine kiritilgen. Insert usılı boyınsha hárbir abzacqa belgi qoyıw jaqsılap oylap tabıwdı talap etedi. Oqıwshılar oqıw barısında maǵlıwmattı ózlestiriwge sanalı qatnas jasawı ushın óz túsiniklerin qadaǵalap baradı. Solay etip, jańa informaciyanı óz tájiriybesi hám bilimi menen baylanıstıradı, yaǵnıy pikirleydi. Sońınan oqıwshı alınǵan informaciyanı insert tablicası járdeminde tártipke salıwı múmkin.

Bul strategiya ózlestiriw kerek bolǵan jańa tema boyınsha oqıwshılardıń anıq bir túsiniklerge iye ekenliklerin anıqlaw hám olarda temaǵa ózinshe talqılaw kónlikpelerin payda etiwge xızmet etedi.

«Insert» usılın ótkeriw tártibi:

- Kishi toplarlar dúzip, olarǵa at qoyıladı.
- Hárbir topardan ózlestiriw rejelestirilgen temaǵa baylanıslı jazba pikir bildiriw soraladı.
- Oqıwshılardıń pikir hám oylawların qaǵazǵa jazıp baradı.
- Oqıwshı temanıń mazmunı bayanlanǵan tekstti usınadı.
- Oqıwshılar bul tekstti hám ózleri bildirgen pikirge qanshelli uqsaslıǵı hám parqın arnawlı belgiler menen belgilep baradı.

«Insert» usılı

| Insert | V | + | - | ? |
|---|---|---|---|---|
| Qospa gáp eki yamasa birneshe jay gáplerdiń mánilik hám sintaksislik baylanısınan dúziledi. | V | | | |
| Jay gápleri bir-biri menen hár qıylı grammatikalıq qurallar arqalı baylanısadı. | | + | | |
| Dánekersiz qospa gápler eki jay gápten ibarat boladı. | | | - | |
| Qaraqalpaq tilinde dánekersiz qospa gápler qospa gáplerdiń quramında úyreniledi. | | + | | |
| Dánekersiz qospa gápler burın dizbekli hám baǵınıńqılı qospa gápleriń quramında úyrenildi. | | + | | |
| Tek ǵana intonatsiya arqalı baylanısqan qospa gápler dánekersiz qospa gáp delinedi. | V | | | |
| Dánkersiz qospa gáplerdiń jay gáplerin baylanıstırıwda dánekerler qatnaspaydı. | | | | ? |
| Dánkersiz qospa gáplerdiń birgelkili quramlı hám birgelkisiz quramlı túrleri bar. | | | | |

**«Oqıǵan tekstke juwap» usılı**

**Tekst**

Azanda turıp, bet-qolımdı jaqsılap juwdım.Úydegiler shay iship otırǵan eken. Apam maǵan úy jumıslarına kómeklesiwdi soradı sonnan keyin men oǵan járdemlestim. Keyin sabaq tayarlap otırsam, mektepke ketetuǵın waqıt bolıptı. Úy tapsırmasın tolıq orınladım, úkem de oǵan berilgen tapsırmadaǵı máseleni sheshiwge járdemleskenime qattı quwandı. Oqıwǵa keldim. Doslarım menen ushırastım. Sabaq baslandı. Muǵallim keldi, oqıwshılar ornınan turdı.

Sabaq júdá qızıqlı ótti, bizler búgingi sabaqta kóp nárseler úyrendik.

***

Qaraqalpaq tilindegi dánekersiz qospa gáplerdi «Oqıǵan tekstke juwap» usılı menen de ótiwge boladı. Bul usıl boyınsha oqıwshılardıń oqıw materialların jaqsı meńgeriwin támiyinlewge qaratılǵan usıllardıń biri bolıp tabıladı. Bunda oqıwshıǵa oqıw materialınıń bir bólegi beriledi, onı oqıp shıqqannan keyin tómendegi sorawlarǵa juwap beriledi.

a) Siz teksten nelerdi bilip aldıńız?

b) Tekst sizde qanday pikirlerdi payda etti?

v) Bul maǵlıwmattıń eń tiykarǵı maqseti nede?

v) Qanday máseleler bul materialda juwapsız qalǵan?

g) Qanday usınıs beriwińizge boladı?

**Oqıwshılar tárepinen mınaday juwaplar beriliwi múmkin:**

a) Bizler teksti oqıp shıǵıp, onnan qaraqalpaq tilindegi dánekersiz qospa gáplerdi bilip aldıq.

b) Tekst bizlerde qospa gáplerdiń úsh túriniń biri dánekersiz qospa gápler ekenligi haqqında túsinikti payda etti.

v) Bul maǵlıwmattıń eń tiykarǵı maqseti bizlerge dánekersiz qospa gápler haqqında bilimlerdi, túsiniklerdi berdi.

Oqıwshı bul qatarlardı óziniń pikirleri menen jáne de dawam ettiriwi múmkin.

**«Kim shaqqan» usılı** menen «Dánekersiz qospa gápler» temasın oqıtıw unamlı nátiyjeler beriwi múmkin.

| Dizbekli qospa gápler | Baǵınıńqılı qospa gápler | Dánekersiz qospa gápler |
|---|---|---|
| Jarqıraǵan jaz keldi de, kún tez arada jılıp ketti.. | Kún jılıp, jerler jibiy basaldı. | Murat tez keldi, anası onı izlep atır edi. |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

«Kim shaqqan» usılı oqıwshılardıń pikirlew, oylaw dárejesin tez anıqlaw maqsetinde oqıw materialların hám berilgen bilimlerdi tıyanaqlı meńgeriwde paydalanılatuǵın usıllardıń biri. Bul usıl oqıwshılardıń tez pikirley alıw qábiletin rawajlandırıwda oǵada paydalı. «Kim shaqqan» usılınıń jáne bir ózine tán ózgesheligi oqıwshı muǵallim tárepinen berilgen sorawǵa tez, anıq hám túsinikli etip juwap beriwi kerek boladı. Muǵallim tárepinen hár bir sorawǵa berilgen juwap ushın ball belgilenip baradı. Bul ball sorawlardıń qospalılıǵına qarap belgilenedi. Usılayınsha, oqıwshıǵa ball qoyıp barıw olardıń sabaqqa degen qızıǵıwshılıǵın arttırıp barıwǵa xızmet etedi.

«Dánekersiz qospa gápler» temasın ótkende muǵallim oqıwshılar menen birge jeke túrde, toparlarǵa bólip yamasa ulıwma klass boyınsha bul usıldı qollanıwı múmkin. Oqıwshılar bul usılda berilgen Tablica boyınsha dánekersiz qospa gáplerdi úyrenedi. Sonday-aq, usı «Dánekersiz qospa gápler» teması boyınsha tez oylaw, pikirlew qábileti qáliplesip, rawajlanıp baradı.

Tákirarlaw sabaqları oqıwshılardıń tema boyınsha alǵan bilimlerin sistemalastırıwda úlken áhmiyetke iye. Tómendegi sorawlar oqıwshınıń bilimin bekkemlewge járdem beredi`

- Dánekersiz qospa gáp degen ne?

- Dánekersiz qospa gáptiń ózine tán qanday belgileri bar?

- Dánekersiz qospa gáplerdiń baylanıstırıwshı quralларınıń bir-birinen qanday ayırmashılıqları bar?

- Dánekersiz qospa gápler menen dizbekli qospa gápler bir-birinen qanday ózgeshelikleri, ayırmashılıqları arqalı ayrılıp turadı?

– Dánekersiz qospa gápler menen baǵınıńqılı qospa gápler bir-birinen qanday ózgeshelikleri, ayırmashılıqları arqalı ayrılıp turadı?

Sonıń menen birge, kartochkalarǵa bir qansha sorawlar dúzip, olar boyınsha hár bir oqıwshıdan juwap alıw da jaqsı nátiyje beredi. Bul kartochkalarda dánekersiz qospa gáptiń túrlerine mısallar tabıń yamasa olardıń bir komponentine sáykes ekinshi hám úshinshi komponentin ózlerińiz tawıp qoyıń, olardı baylanıstırıwshı qurallardı aytıń dep berse de boladı.

Solay etip, oqıtıw barısında muǵallim bul tema boyınsha óziniń bilim hám tájiriybesine súyenip jumıs alıp barsa, onı oqıwshınıń durıs meńgeriwine erisedi.

Ulıwma, sabaqlardı juwmaqlastırıwda dánekersiz qospa gáplerdi tákirarlaw sabaǵında úyreniwge tiyisli materiallardı oqıp keliw tapsırmaǵa beriledi Tákirarlaw sabaǵında, kóbinese, awızsha juwap alınadı, materialdı túsiniwi qıyın bolǵanda jazba juwap alınadı.

Jazba juwap jıynap alınıp tekseriledi, onıń juwmaǵı kelesi sabaqta aytıladı. Awızsha hám jazba juwaplar bahalanıp, baha jurnalǵa qoyıladı, juwap bere almaǵan oqıwshılarǵa eskertiw beriledi.

Dánekersiz qospa gáplerdi tákirarlawda kóp jumıslar islenedi. Bunda ótilgen temanıń belgileri anıqlanadı, gáp dúziw, sózler járdeminde mısal tabıw hám t.b. bilim kónlikpeleri belgili boladı.

Jumıstıń mazmunlı hám sapalı bolıwında tákirarlawǵa baylanıslı alıp barılatuǵın jumıs túrleri, kespe qaǵazlar keltiriledi. Dánekersiz qospa gáplerdi bir qıylı usıllar menen úyretpesten tákirarlaw ótkeriwden, kórsetpelilikten paydalanıw júdá orınlı. Sonda ótilgen material túsinikli hám este qalarlıq dárejede boladı.

**Termometr usılı.** «Dánekersiz qospa gápler» temasın ótip, sabaqtı oqıwshılarǵa túsindirip, klassta jumıslar islep, sabaqtı bekkemlep bolǵannan keyin «Termometr» usılın qollanıwǵa boladı. Ulıwma, bul usıl sabaqtı juwmaqlaw basqıshında qollanıladı. Onda sabaqtıń qalay ótilgenligi boyınsha oqıwshılar ózleriniń pikirlerin ańsat hám qolaylı etip biliwinehám bildiriwine boladı. Solay etip, taxtaǵa tómendegi belgiler ildirilip qoyıladı. Al, oqıwshılar «Dánekersiz qospa gápler» teması ótilgen sabaq boyınsha alǵan tásirlerin sol belgiler menen kórsetip beredi.

1.Eger oqıwshıǵa sabaq unaǵan bolsa:





2. Eger oqıwshıǵa sabaq unamaǵan bolsa:



3.Eger sabaq ortasha dárejede ótilgen bolsa:

Solay etip, qaraqalpaq tilindegi qospa gáplerdiń úlken bir túri – dánekersiz qospa gápler. Dánekersiz qospa gáplerdi oqıtıw da qospa gáplerdiń basqa da túrlerin oqıtıw sıyaqlı juwapkershilik penen qatnas jasawdı talap etetuǵın máselelerdiń biri. Bunda da, álbette, muǵallimnen tereń teoriyalıq bilim, tájiriybe talap etiledi. Bul temanı joqarıda kórsetilgen usıllardan basqa da bir neshe usıllar menen oqıtıw jaqsı nátiyje beredi.

## Juwmaq

Qaraqalpaq tili sabaǵı mekteplerde, joqarı oqıw orında oqıtılatuǵın tiykarǵı pánlerdiń arasında da respublikada mámleketlik til biyligi dárejesin alǵan qaraqalpaq tili sabaǵı áhmiyetli orın tutadı. Qaraqalpaqstan Respublikasında jasaytuǵın tiykarǵı xalıq – qaraqalpaq xalıqınıń ana tili sıpatında oqıw orınlarında oqıtılatuǵın bolǵanlıqtan bul pándi oqıtıwda hár tárepleme sapa hám nátiyjege erisiw ushın bir qansha jańa metodlar menen usıllardan, jańa pedagogikalıq texnologiya jetiskenliklerinen paydalanıw zárúr. Qaraqalpaq tilin oqıtıw

qaraqalpaq ádebiyatı oqıtıw menen ajıralmas baylanısta alıp barılsa, oqıwshı anna tili menen ádebiyatı haqqında tereń bilimge iye bolıw menen birge watan súyiwshilik ruhında tárbiyalanadı. Basqa da pánlerdi oqıtıwda áhmiyet iyelep, qaraqalpaq tilin oqıtıwdıń metodları menen usılları mektepler menen, liceylerde, kásip-óner kolledjlerinde basqa da bir qansha ilim tarawların úyreniwdiń deregi bolıp xızmet etedi.

Pitkeriw qánigelik jumısın orınlaw arqalı alınǵan juwmaq hám nátiyjeler dánekersiz qospa gáplerdiń tilde jumsalıwında bir qansha ózgesheliklerge iye bolatuǵını, olardıń qospa gáptiń basqa túrlerine salıstırǵanda ózgesheliklerge iye ekenligi, dánekersiz qospa gáplerdi oqıtıwda birneshe jańa usıllardan paydalanılsa, oqıwshılardıń bul temanı elede tereńirek túsiniwi hám meńgeriwine bolatuǵını anıqlandı.

Qaraqalpaq tiliniń sintaksisi dánekersiz qospa gáplerdiń basqa sintaksislik birliklerden tiykarǵı ayırmashılıǵın anıqlaw menen birge olardıń túrleri, dúziliw ózgeshelikleri, oy-pikirdi quramalı etip bildiretuǵın til quralı ekenin tastıyıqlaydı.

Qaraqalpaq tili sintaksisiniń eń tiykarǵı birlikleriniń biri – qospa gáp. Gápti, onıń ózine tán sıpatlı belgilerin, sintaksislik birliklerdiń basqa da túrlerinen ajıralıp turatuǵın ózgesheliklerin, túrlerin, sintaksiste tutqan ornın hám t.b. anıqlaw – aktual másele.

Gápler qurılısı jaǵınan qospa gápler hám jay gápler bolıp úlken eki toparǵa bólinedi. Qospa gáp sintaksisi – qaraqalpaq tiliniń grammatikasında úlken, quramalı taraw. Sońǵı dáwirlerde til biliminiń rawajlanıwı menen qospa gáplerdiń túrlerin ajıratıwda tómendegidey ózgeshelikler payda boldı. A.Dawletov,

M.Dawletov, M.Qudaybergenovtıń «Házirgi qaraqalpaq ádebiy tili Sintaksis» (Nókis, «Bilim», 2009.) miynetinde qospa gápler tómendegishe klassifikaciyalanadı:

1. Dizbekli qospa gáp;

2. Baǵınıńqılı qospa gáp;

3. Dánekersiz qospa gáp.

Qaraqalpaq tili sintaksisiniń eń tiykarǵı birlikleriniń biri – qospa gáp. Gápti, onıń ózine tán sıpatlı belgilerin, sintaksislik birliklerdiń basqa da túrlerinen ajıralıp turatuǵın ózgesheliklerin, túrlerin, sintaksiste tutqan ornın hám t.b. anıqlaw – aktual másele.

Gápler qurılısı jaǵınan qospa gápler hám jay gápler bolıp úlken eki toparǵa bólinedi. Qospa gáp sintaksisi – qaraqalpaq tiliniń grammatikasında úlken, quramalı taraw. Sońǵı dáwirlerde til biliminiń rawajlanıwı menen qospa gáplerdiń túrlerin ajıratıwda tómendegidey ózgeshelikler payda boldı. A.Dawletov, M.Dawletov, M.Qudaybergenovtıń miynetinde qospa gápler tómendegishe klassifikaciyalanadı:

1. Dizbekli qospa gáp;

2. Baǵınıńqılı qospa gáp;

3. Dánekersiz qospa gáp.

Dánekersiz qospa gápler  dizbekli hám baǵınıńqılı qospa gáplerden quramındaǵı jay gápleriniń  dánekersiz hám dánekerlik xızmettegi sózlerdiń qatnasısız,  mánilik intonaciya arqalı baylanısıwı menen ayrılıp turadı.

Dánekersiz qospa gápler tek ǵana intonaciya arqalı baylanısatuǵın gápler bolıp esaplanadı. Dánekersiz qospa gáptiń jay gáplerin baylanıstırıwshı qurallar tómendegi túrlerge bólinedi:

1. leksikalıq qurallar; 2. morfologiyalıq qurallar; 3. intonaciyalıq qurallar.

1.leksikalıq korrelyat degenniń mánisi sonnan ibarat,  dáslepki jay gápte qollanılǵan sózdiń  sońǵı jay gápte ózi yamasa soǵan qatnaslı sóz qollanıladı.

2.Morfologiyalıq korrelyatlar baylanıstırıp  kelgende morfologiyalıq korrelyat xızmetin atqarıp kelgen sózler  qospa gáp komponentleri bayanlawıshlarınıń  bir bet, bir máhálde keliwi menen, yaǵnıy formalıq jaqtan birgelki bolıp keliwi menen ózgeshelenip turadı.

3.Dánekersiz qospa jay gáplerin, tiykarınan, dizbeklewshi intonaciya baylanıstırıp keledi.  Bunda intonaciya tek formalıq jaqtan ǵana dizbekli qospa gáptiń komponentlerin baylanıstırıw ushın xızmet etip keledi.

Dánekersiz qospa gáplerdiń túrleri:

1. Birgelkili quramlı dánekersiz qospa gáp.

2. Birgelkisiz quramlı dánekersiz qospa gáp.

Qaraqalpaq tilindegi dánekersiz qospa gápler struktura-semantikalıq bóliniwleri qospa gáptiń predikativlik konstrukciyaları arasındaǵı mánilik qatnaslarǵa tiykarlanadı.

Dánekersiz qospa gápler tómendegi túrlerge bólinedi:

3. Birgelkili quramlı dánekersiz qospa gáp.
4. Birgelkisiz quramlı dánekersiz qospa gáp

Birgelkili quramlı dánekersiz qospa gápler tómendegi túrlerge bólinedi:

1.Mezgilleslik qatnastaǵı dánekersiz qospa gáp.

2. Qarsılaslıq qatnastaǵı dánekersiz qospa gáp.

3. Salıstırmalı qatnastaǵı dánekersiz qospa gáp.

Birgelkisiz quramlı dánekersiz qospa gápler tómendegi túrlerge bólinedi:

1. Sebep-nátiyje qatnaslı dánekersiz qospa gáp.

2. Nátiyje qatnaslı dánekersiz qospa gáp.

3. Túsindirmeli qatnaslı dánekersiz qospa gáp.

4. Shártlik qatnaslı dánekersiz qospa gáp.

Ulıwma bilim beriw mektebiniń Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páninen is jobasında dánekersiz qospa gápler boyınsha 9-klassta saatlar ajıratılǵan. Dánekersiz qospa gáp til biliminiń, sonıń ishinde, sintaksis tarawınıń eń qıyın jáne qospalı tarawı bolǵanlıqtan oqıwshılardıń jas ózgesheligin esapqa alıp joqarı klasslarda ótiw belgilenip, soǵan sáykeslengen baǵdarlama islep shıǵılǵan.

Bunda qospa gáptiń bir túri sıpatında dánekersiz qospa gáptiń ózgeshelikleri, semantika-grammatikalıq belgileri, olardıń qospa gáptiń basqa túrlerinen tiykarǵı ayırmashılıqları, túrleri, irkilis belgileri hám t.b. boyınsha sistemalı bilim beredi. Sonday-aq, oqıwshınıń soylew procesinde dánekersiz qospa gáplerdi durıs qollana biliwi ushın muǵallim dánekersiz qospa gápti ótpesten aldın jay gápler haqqında bilimlerdi eske túsirip, jay gápler boyınsha shınıǵıwlar islep, usı jay gáplerden dánekersiz qospa gáplerdiń quralatuǵının túsindiriw arqalı muǵallim dánekersiz qospa gáplerdiń qurılısı menen birge olardıń baylanısıw usılların úyretedi.

Qaraqalpaq tilindegi dánekersiz qospa gápti úyreniw, tallaw ushın didaktikalıq materiallar, tablicalar tayarlaw, kespe qaǵazlar, kartinalar tayarlaw jaqsı nátiyje beredi. Oqıwshınıń dánekersiz qospa gápler haqqındaǵı bilimlerin ámeliy shınıǵıwlar boyınsha kónlikpeler arqalı bekkemlew kerek.

Bir neshe usıllardan paydalanıp bul temanı ótiwge boladı.

Aqıl hújimi metodın qollanıw arqalı dánekersiz qospa gáp penen jay gáplerdiń arasındaǵı ayırmashılıqlardı túsindirip berse boladı.

Soraw-juwap ótkeriw muǵallimge oqıwshınıń alǵan bilimin sistemalastırıwǵa hám bekkemlewge keń múmkinshilik beredi.

Sabaqtıń maqsetine sáykes jańa pedagogikalıq texnologiya metodlarınan klaster, aqıl hújimi, BBB kestesi, oqıǵan tekstke juwap hám basqa da metodlardı paydalansa boladı.

Oqıwshılardıń til baylıǵın rawajlandırıw maqsetinde jazba jumıslar – bayan, kishigirim kólemdegi shıǵarma jumısları, ádebiy shıǵarmalardan kishi kólemdegi mazmunlamalar, úyretiwshi diktantlar ótkeriw maqsetke muwapıq keledi.

Tablica oqıwshınıń taza temanı kóriw hám esitiw arqalı qabıl etiwine múmkinshilik beredi.

Insert strategiyasın qollanıw sabaq barısında berilip atırǵan materialdı oqıwshılardıń ózlestirgenligin interaktiv belgiler sistemasın paydalanıw járdeminde anıqlaw ushın qollanıladı.

«Kim shaqqan» usılı menen «Dánekersiz qospa gápler» temasın oqıtıw unamlı nátiyjeler beriwi múmkin.

Tákirarlaw sabaqları oqıwshılardıń tema boyınsha alǵan bilimlerin sistemalastırıwda úlken áhmiyetke iye.

«Dánekersiz qospa gápler» temasın ótip, sabaqtı oqıwshılarǵa túsindirip, klassta jumıslar islep, sabaqtı bekkemlep bolǵannan keyin «Termometr» usılın qollanıwǵa boladı. Ulıwma, bul usıl sabaqtı juwmaqlaw basqıshında qollanıladı.

Ulıwmalastırıp aytqanda, dánekersiz qospa gáplerdi oqıtıw da – qospa gáplerdiń basqa da túrlerin oqıtıw sıyaqlı metodikadaǵı quramalı másele. Bunda da, álbette, muǵallimnen tereń teoriyalıq bilim, tájiriybe talap etiledi. Bul temanı basqa da bir neshe usıllar menen oqıtıw arqalı sapalı bilim beriwge erisiwge boladı.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar

1.Абдиреймова Т. Қазақ тілі мен әдебіетин оқытудың заманагөй технологиясы.Нөкис, 2013.

2.Dáwletov M., Dáwenov E., Seydullaeva D. «Qaraqalpaq tili» (9-klass sabaqlıq) 2014.

3.Dáwletov M., Seydullaeva D. Házirgi qaraqalpaq tilinde qospa gápler. Nókis, 2010

4.Allaniyazova Sh., Tańirbergenov J. «Qaraqalpaq tilin woqi’ti’wda innovaciyali’q texnologiyalar» Nókis, 2015

5.Арғынов Х. Қазақ тили методикасы, синтаксис, пунктуация. Алматы, 1974.

6.Арғынов Х. Қазақ тилин оқытыў методикасы. Алматы, 1998.

7.Баскаков Н.А. Словосочетания в каракалпакском языке. Простые предложения в каракалпакском языке. Сложные предложения в каракалпакском языке. – Исследования по сравнительной грамматике тюркских языков. М., 1961.

8.Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. III том. Нукус, 1995.

9.Бердимуратов Е, Пирниязов К. Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыў методикасы, Нөкис, 1988.

10.Ғуламов А ва бошқалар. Ўзбек тилини ўқитиш. Тошкент, 2002.

11.Ғуломов А., Неъматов Ҳ. Она тили таълими мазмуни. Тошкент, «Уқитувчи», 1995.

12.Даўлетов М. Қарақалпақ тилинде қоспа гәплердиң гейпара теориялық мәселелери. Нөкис, 1993.

13.Дәўлетов А., Дәўлетов М. Қарақалпақ тили сабақлығы, 8-класс ушын. Нөкис, 2006.

14.Дәўлетов М. Қарақалпақ тилиниң пунктуациясы. Нөкис, 1998.

15.Dawletov A., Dawletov M., Qudaybergenov M. Házirgi qaraqalpaq ádebiy tili Sintaksis. Nókis, «Bilim», 2009.

16.Ембергенов У., Муртазаева Г. Қарақалпақ тили синтаксисиниң айырым темаларын оқытыў усыллары. (методикалық көрсетпе). Әжинияз атындағы НМПИ киши типогорафиясы, Н ө к и с , 2 0 12.

17.Исабаев А. Қазақ тилин оқытыў методикасы, Ташкент, 2005.

18.Мырзақулов Т. Грамматика ўқитишнинг лингвистик асослари. Тошкент, «Уқитувчи», 1994.

19.Тўхлиев А. ва бошқалар. Ўзбек тилини ўқитиш. Тошкент, 2006.

20.Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Нөкис, 1992.

21.Ҳәзирги қарақалпақ тили. Синтаксис. Нөкис, 1986.

22.Ҳәзирги қарақалпақ тили. Синтаксис. Нөкис, 1996.

23.Қарақалпақ тили ҳәм әдебиятын оқытыў. Нөкис, «Билим», 1992.

24.Қутлымуратов Б. Қарақалпақ тилин оқытыўдың айырым мәселелери. Нөкис, «Билим», 1992.

25.Oliy va kasb-hunar tálimida pedagogik texnologiyalar. Toshkent, 2011

26. Pirniyazova A.Q. Qaraqalpaq tilin pedagogikalıq texnologiya tiykarında oqıtıw. Nókis, 2009.

27.Sayidaxmedov Yangi pedagogik texnologiya. Toshkent. 2003.

28.Til va adabivot tálimida yangi pedagogik texnologiyalar. II qism. Toshkent, 2006.